WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIM BERIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI

Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti
dekani’:___________f.i.k. Q.Turdi’baev

«_______»_______________2013-j

**5220100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n` 4-kurs studenti Sulaymanov Dawranni’n’ «Yer Ziywar da’stani’ni’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligi» degen atamadag’i'**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMI’SI’

Jaqlawg’a ruxsat berildi
Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’
ha’m folklori’ kafedrasi’ni’n’
basli’g’i' f.i.k.,doc.
J.Nizamatdinov ________
«_______»____________2013-j

İlimiy basshi’: f.i.k.
S.Ma`tekeev_______________

**No’kis – 2013 j**

**JAQLAWG'A RUXSAT BERILDI:**

Qaraqalpaq filologiyasi'

fakulteti dekani': f.i.k.,doc. Q.Turdi'baev

Kafedra basli'g'i': f.i.k.,doc. J.Nizmatdinov

İlimiy basshi': f.i.k.doc. S.Ma`tekeev

**Ma'mleketlik Attestatsiya Komissiyasi'ni'n'**

**QARARI':**

5220100- Qaraqalpaq filologiyasi' Qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati' qa'nigeligi bakalavr bag`dari'ni'n' pitkeriwshisi Sulaymanov Dawranni'n' «Yer Ziywar da'stani'ni'n' ko'rkemlik wo'zgesheligi» atamasi'ndag`i' pitkeriw qa'nigelik jumi'si'na

«_________» ball qoyi'lsi'n.

**MAK basli'g'i':** _____________ ________________

**MAK wori'nbasari'** _____________ ________________

**MAK ag`zalari':** ___________ ________________

___________ ________________

___________ ________________

___________ ________________

___________ ________________

## Mazmuni’

**Kirisiw**

**I Bap. «Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligi**

1.1. Syujetlik quri’li’si’ ha’m kompozitsiyasi’

1.2. Da’stanni’n’ tili

**II Bap. «Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ ideyali’q bag’i’ti’ ha’m obrazlari’**

2.1. Da’standa Watandi’, yel-xali’qti’ qorg’aw ideyasi’

2.2. Da’stan qatnasi’wshi’lari’ni’n’ obrazlari’.

a) Ha’sen xan, Sarim wa’zir, Taxtapolat xan, Abaxan wa’zir, Arsari’ wa’zir.

v) Yer Ziywar, Yer Janay, Aqqozi’, Aqju’ginis, Sa’rwanli’ bati’r, Yer Baysal.

s) Aqtamaq ari’w, Arsari’ wa’zir, Murtli’ Mordar, Aqjulqi’n, Omanshani’n’ qi’zi’ Aynajamal, Zawriya, qi’z Jahan obrazlari’.

**Juwmaq.**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar.**

## Kirisiw

Qaraqalpaq xalqi’ basqa xali’qlar si’yaqli’ da’stanlarda wo’z ma’deniyati’ni’n’ barli’q tu’rlerin sa’wlelendirgen. Wonda xali’q tek wo’tken waqi’tti’ g’ana yemes, wo’tken da’wir waqi’yalari’n g’ana yemes, al jarqi’n keleshegin, wo’mir baxi’t ushi’n gu’resin, suli’wli’qti’ tani’wi’n yen’ joqarg’i’ adamgershilik sezimlerdi – yeldi, jerdi, xali’qti’ su’yiwdi ko’redi, sezedi, biledi. Da’stan degende xali’q wog’ada u’lken do’retpeni, ata-babalardan miyras boli’p qalatug’i’n waqi’yalardi’, qa’de-qa’wmet da’stu’rlerdi, ma’rtlik, bati’rli’qti’n’ u’lgilerin, shi’n muhabatti’, ta’biyiy tu’rde turmi’sta bolatug’i’n konfliktlerdi, xali’qti’n’ woyi’n, ku’lki tamashasi’n ko’z aldi’n’a keltiresen’. Da’stan bul woni’ do’retiwshilerdin’ ko’z-qarasi’nsha wo’mirge, ja’miyetlik qubi’li’sqa wo’zinshe pikir qozg’aytug’i’n filosofiyali’q woylar dizgini. Wonda adam haqqi’nda, adamni’n’ ta’g’diri tuwrali’, woni’n’ du’nyag’a ko’z-qarasi’, woylawlari’ haqqi’nda ayti’latug’i’n tasti’yi’qlawlari’ wori’n alg’an. Adamzat wo’z tariyxi’nda ko’p g’ana hasi’l awi’zeki do’retpelerdi payda yetken. Buni’ ha’r bir xali’qti’n’ awi’zeki do’retpesinde ko’riwge boladi’. Tu’rkiy xali’qlar da’stanlari’, soni’n’ ishinde qaraqalpaq da’stanlari’ da adamzatti’n’ awi’zeki do’retken ten’i-tayi’ joq, pu’tin du’nyadag’i’ yen’ hasi’l do’retpelerden yesaplanadi’. Duri’si’nda xali’q eposi’ dramani’ da, komediyani’ da, tragediyani’ da wo’z ishine alg’an yen’ iri do’retpe sanaladi’.

Da’standi’ ji’raw, baqsi’, qi’ssaxannan ayi’ri’wg’a bolmaydi’. Da’stanni’n’ do’retiwshisi de, atqari’wshi’lari’ da, saqlawshi’lari’ da solar. Biz da’stan haqqi’nda so’z yetedi yekenbiz, woni’n’ ji’raw, baqsi’, qi’ssaxanlari’ jo’ninde aytpay ketiwimiz mu’mkin yemes.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ awi’zsha atqari’latug’i’n da’stanlari’ ko’lemi jag’i’nan 5 mi’n’ qatardan 20 mi’n’ qatarg’a shekem jetedi. Da’stanni’n’ ko’lemi ayri’qshali’g’i’na, atqaratug’i’n ji’rawlardi’n’ atqari’w ha’m do’retiw

sheberligine de baylani’sli’. Mi’sali’, Yesemurat, Qurbanbay, Qi’yas ji’rawlardi’n’ atqarg’an da’stanlari’, basqa ji’rawlardi’n’ atqarg’an da’stanlari’nan ko’lemi jag’i’nan u’lkenirek yekenligin ilimpazlar ani’qlag’an. Da’stanni’n’ ko’lemi wondag’i’ so’z yetiletug’i’n waqi’yalar menen baylani’sqan. Yeger da’stanni’n’ ko’leminin’ u’lkenligin yesapqa alsaq, wondag’i’ da’stan waqi’yalarg’a bay dep yesaplanadi’. Sonli’qtan da u’lken ko’lemli da’stanlar bir-biri menen ti’g’i’z baylani’sqan bir neshe ha’diyselerdin’ juwmag’i’ bolg’an bir u’lken waqi’yani’ su’wretlew qaraqalpaq da’stanlari’na ta’n boli’p yesaplanadi’.

Da’standa waqi’yalar bir-biri menen baylani’sqan boladi’, soni’n’ ishinde qaraqalpaq da’stanlari’ni’n’ mazmuni’nda a’kesinin’ g’arri’li’g’i’, perzenttin’ du’nyag’a keliwi, woni’n’ wo’sip – yer jetiwi, jigitlik da’wiri, qural-sayman ali’wi’, su’ygenin izlep jolg’a shi’g’i’wi’, qus, an’ awlawg’a shi’g’i’w, ata-anasi’na, tuwg’an-tuwi’sqani’na miyrimli boli’wi’, yeldin’ abadanshi’li’g’i’, ti’ni’shli’g’i’, toqshi’li’g’i’ ushi’n ha’reketleri, toyi’ boli’p xalqi’ni’n’ alg’i’si’n ali’wi’ h.t.b. toli’p ati’rg’an waqi’yalar da’standag’i’ da’stu’riy ko’rinisler boli’p, ji’raw ta’repinen sheber beriledi. Usi’nday xali’qti’n’ turmi’s-tirishiligi, tariyxi’, yeldegi ishki, si’rtqi’ ha’diyseler, wog’an bati’rdi’n’ yamasa da’standag’i’ qaharmanlardi’n’ tikkeley basshi’li’q yetiwi h.t.b. waqi’yalar da’stanlarda ken’ wori’n aladi’. Usi’nday waqi’yalardi’n’ birikpesi woni’n’ mazmuni’ndag’i’ u’lken bo’limlerdi quraydi’. Waqi’yani’ bayanlawg’a da’slep ji’raw, baqsi’, keyin ala qaharmanlar menen basqa da da’standag’i’ adamlar qatnasadi’. Ji’raw da’stanni’n’ bayanlawshi’si’ bolg’anli’qtan, wol da’standi’ ji’rlag’anda waqi’yani’n’ mazmuni’n qi’zi’qli’ yetip ashi’wg’a belsene qatnasadi’. Da’stang’a ji’raw menen qosa qaharmanlardi’n’ qatnasi’wi’ u’lken a’hmiyetke iye. Da’standag’i’ qara so’zler menen qosi’q qatarlari’ni’n’

aralasi'p keliwi, wolardi'n' janrli'q wo'zgesheligindegi belgili bir ko'rinislerden yesaplanadi'. Bunda mi'na na'rseni ayti'p wo'tkenimiz duri's bolar yedi. Da'stanlardi'n' tiykarg'i' ha'm ko'pshilik bo'limin poeziya quraydi', al az bo'limin bir waqi'ya menen yekinshi waqi'yani' baylani'sti'ri'wda proza iyeleydi.

Qaraqalpaq da'stanlari'n ko'binese qobi'z ya duwtar ja'rdeminde atqari'p kelgen. Sebebi, da'standa adamni'n' ishki sezimleri, haywanat ha'reketleri, ta'biyat ko'rinisleri h.t.b. waqi'yalardi' ayti'wda sazdan paydalani'w za'ru'rligin, namalardi' keltirip shi'g'arg'an. Solay yetip, qaraqalpaq da'stanlari'n ji'rlawshi'lar xali'qqa qoni'mli' yetip jetkeriwdi wo'z aldi'lari'na maqset yetken. Sonli'qtan da ha'r bir atqari'wshi' – ji'rawlardi'n' wo'z aldi'na ayri'qsha sheberlikleri da'stan mazmunlari'nan da ko'rinip turadi'.

Qaraqalpaq folklori'nda da'stanlar yen' u'lken janr si'pati'nda bizge belgili. Qaraqalpaq da'stanlari' ko'p tomli'q folklorda da tiykarg'i' wori'n iyeleydi. Da'stanlar haqqi'nda folklordi' izertlewshi ilimpazlar ju'da' ko'p ilimiy jumi'slar ju'rgizdi. Sonda da, yele wo'z izertleniwin ku'tip turg'an da'stanlar az yemes.

Folklor jasasa —millet jasaydi'. Folklor a'sirler g'a'ziynesi, al wonda do'retilgen da'stanlar yen' biybaha bayli'g'i'mi'z sanaladi'.

Folklor— milliy ma'deniyatti'n' baslang'i'sh u'lgilerinen yesaplani'p wol tek g'ana bir milletke qarasli' yemes, pu'tkil xali'q awi'zeki do'retpelerinin' ustazi', tiykarshi'si' boli'p tabi'ladi'.

A'sirese, folklori'mi'zdi'n' ko'pshilikke tani'tqan da'stanshi'li'q da'stu'ri qaraqalpaq xalqi'ni'n' wo'zine ta'n, ayri'qsha mintalitetin joqari' shi'n'larg'a qaray ali'p shi'g'a aldi'. «Folklor xali'qti'n' ruwxi'y bayli'g'i'

si'pati'nda woni'n' ma'deniyat tariyxi'nda u'lken rol tutadi'. Ma'deniyatti'n' rawajlani'wi'nda yen' a'hmiyetli da'reklerden sanaladi'»[1]

Prezidentimiz İ.A.Karimov: «…ruwxi'y miyras, ma'deniy bayli'qlar, a'yyemgi tariyxi'y yestelikler yen' basli' principlerden biri boli'p, xizmet yetedi.»?[2] –degen, pikirleri ju'da' wori'nli' ayti'lg'an yedi.

Qaraqalpaq folklori'ni'n' qa'liplesiwi yerte da'wirlerge bari'p sanaladi'. Bul bolsa, ruwxi'y miyrasi'mi'z, tawsi'lmas g'a'ziynemiz, xali'qti'n' turmi's aynasi'nda ko'rinetug'i'n ag'ar bulaq si'pati'nda ko'zge nur, ju'rekke ilham bag'i'shlap turadi'.

Neshe a'sirler boyi' ata babami'zdan bizge miyras boli'p qalg'an da'stanli'q shi'g'armalarda qaraqalpaq xalqi'ni'n' basi'nan wo'tkergen qayg'i' ha'siretlerin, shadli' ha'm baxi'tli' turmi'si'n, ko'p yellerdin' u'stinen u'stemlik yetkenin qaharmanli'q da'stanlari'mi'zdan ko'riwge boladi'. Qaraqalpaq xali'q qaharmanli'q da'stani' «Yer Ziywar» buni'n' birden-bir da'liyli bola aladi'. Sebebi «Yer Ziywar» da'stani'nda Xorezmde boli'p wo'tken patshalardi'n', xanzadalardi'n', bati'rlardi'n' yerlikleri so'z yetiledi. Al Xorezm yeli bolsa bizge tariyxtan belgili, woni' XIV a'sirde babami'z a'mir Yedige basi'p alg'an, son' balalari' wol jerde patshali'q yetken. Soni'n' ushi'nda bul da'stan Xorezm yelinde do'rlip, ji'rawlar arqali' awi'zdan-awi'zg'a bizge shekem jetip kelgen. Bunday basqa jerlerde do'relgen qaraqalpaq xali'q qaharmanli'q da'stanlari'na Alpami's, Qi'rq qi'z, Qoblan, Yedige, Yer Shora, Yer Ziywar ha'm tag'i' basqalari' kiredi.

Sonday-aq ji'rawlari'mi'z xali'q arzi'w a'rmanlari'n bildiretug'i'n ko'rkem so'z bayli'qlari'n do'retip ketkenligin ayti'p wo'tiwimizge boladi'. Da'stanli'q shi'g'armalardan basqa toli'p ati'rg'an xali'q qosi'qlari',

[1] Қ.Мақсетов.А.Тәжимуратов. Қарақалпақ фольклоры. Нөкис: «Қарақалпақстан» 1979. 11-бет.
[2] И.А.Каримов. Жоқары мәнаўият–жеңилмес күш. Ташкент, «Ма'навият» 2008. 29-бет.

yertekleri, naqi’l-maqal jumbaqlari’ xalqi’mi’zdi’n’ biybaha bayli’qlari’ boli’p yesaplanadi’. Qaraqalpaq xali’q qaharmanli’q da’stanlari’na Alpami’s, Qi’rq qi’z, Qoblan, Yedige, Yer Shora, Yer Ziywar, Ma’spatsha ha’m tag’i’ basqa do’retpeleri xali’q danali’g’i’n, tilek a’rmanlari’n bildiretug’i’n xali’q do’retpelerinin’ tawsi’lmas g’a’ziynesi.

Qaraqalpaq xali’q milliy a’debiyati’ni’n’ qa’liplesiw ha’m rawajlani’w da’wirlerinde da’stanli’q shi’g’armalardi’n’ worni’ ayri’qsha.

**İzertlew obiekti ha’m predmeti.** Biz, bul pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda qaraqalpaq folkloristika iliminde ko’lemli da’stanlar menen sali’sti’ri’p u’yrene woti’ri’p, Qurbanbay ji’raw atqarg’an «Yer Ziywar» da’stani’n izertlew obiekti ha’m predmeti yetip ali’p, woni’n’ ko’rkem wo’zgesheliklerin, ideya-tematikasi’n, syujetlik ko’rinislerin keltirip tan’lap aldi’q.

Qurbanbay ji’raw Ta’jibaevti’n’ atqarg’an «Yer Ziywar», «Qi’rq qi’z», «Qanshayi’m», «Men’liqal», «Qurbanbek», «Ja’na’dil», «Baltakey bati’r» da’stanlari’ baspadan shi’qti’.

«Yer Ziywar» Qurbanbay ji’rawdi’n’ tiykarg’i’ atqarg’an da’stani’ni’n’ biri. Da’standi’ xali’q awzi’nan jazi’p ali’wdi’ yerteden bolsa da, bul 1958-ji’li’ birinshi reet S.Beknazaov ha’m G.Yesemuratovlar ta’repinen qolg’a ali’ndi’. Bunnan basqa «Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ ha’r qi’yli’ ji’llari’ jazi’p ali’ng’an to’rt qol jazbasi’ bar.

«Yer Ziywar» da’stani’ xali’q arasi’nda ken’nen taralg’an qaraqalpaq xali’q qaharmanli’q da’stanlari’ni’n’ biri boli’p, tiykarg’i’ ideyasi’ wo’z yelin, xalqi’n si’rqi’ dushpanlardan qorg’aw ha’m de xali’qlar dosli’g’i’n, paraqatshi’li’qti’ ji’rlaw, Xorezm xani’ Ha’sen xan menen balasi’ Yer Ziywar woni’n’ dosi’ Yer Janay ha’m tag’i’ basqa bati’rlardi’n’ yerlik isleri bayanlanadi’.

«Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligi ha’m ideyali’q bag’i’ti’na toqtap wo’tkenimizde, wonda qaraqalpaq awi’zeki do’retpelerindegi qaharmanli’q obrazlardi’n’ do’retiliwi tosattan payda bolmag’ani’nday, wondag’i’ kaharmanlardi’n’ da xali’qti’n’ ta’g’dirindegi ishki ha’m si’rtqi’ qarama-qarsi’li’qlar tiykari’nda a’dillikke umti’li’w ideyasi’ sol xali’qti’n’ barli’q ruwxi’y a’rmanlari’n wo’z boyi’na sin’irgen xali’q ushi’n, yel ushi’n jan beretug’i’n jen’ilmeytug’i’n ma’rt, bati’r obrazlari’n ji’raw ta’repinen ju’da’ sheber do’retkenligin ko’remiz.

«Yer Ziywar» da’stani’ da ‘Qi’rq qi’z’ da’stani’ si’yaqli’ qosi’q qatarlari’ arqali’ berilgen.

Qurbanbay ji’ri’w bul da’standi’ u’lken improvizatorli’q penen ji’rlag’an. Sebebi, wol jigirmadan aslam da’standi’ yadi’nan biletug’i’n ku’shli ji’raw boli’p ha’r bir da’standi’ wo’zinshe sheberlik penen ayta alatug’i’n qaraqalpaq xalqi’ni’n yen’ jaqsi’ ji’rawi’ yedi. Sonli’qtan da, bul da’stanni’n’ ko’lemin won bir mi’n’ qosi’q qatari’nan ibarat yetip ju’da’ ayri’qsha sheberlik penen ayti’p beredi. Bul da’standi’ 1958-ji’li’ S.Beknazarov ha’m G.Yesemuratov jazi’p alg’annan son’ bir qansha ilimpazlari’mi’zdi’n’ di’qqati’n wo’zine tartti’.

«Yer Ziywar» da’stani’ 1958-ji’li’ No’kiste qaraqalpaq tilinde baspadan shi’qqannan son’ Qalli’ Ayi’mbetov ta’repinen da’stang’a retsenziyali’q pikir beriledi. Ol «Yer Ziywar» da’stani’n qaraqalpaq awi’zeki a’debiyati’ni’n’ bay materiali’'-dep ko’rsetti. T.Sag’itov «Yer Ziywar»,- degen maqalasi’n 1962-ji’li’ ja’riyaladi’. Uli’wma «Yer Ziywar» da’stani’ Qurbanbay ji’ri’wdi’n’ repertuari’nda ayri’qsha wori’ndi’ iyelewi menen birge qaraqalpaq awi’zeki a’debiyati’ni’n’ biybaha g’a’ziynesi si’pati’nda u’yreniledi.

Temani’ u’yreniw bari’si’nda bizge, Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti İ.A.Karimovti’n’ miynetlerinen diplom jumi’si’mi’zda **metodologiyali’q tiykar** si’pati’nda paydalandi’q.

Bunnan ti’sqari’, jergilikli ilimpazlari’mi’zdi’n’ «Yer Ziywar» da’stani’ haqqi’ndag’i’ a’debiy teoriyali’q pikirlerine su’yenemiz. Bul boyi’nsha ko’birek Q.Maqsetovti’n’ «Qaraqalpaq ji’raw-baqsi’lari’»(1983), «Da’stanlar. Ji’rawlar. Baqsi’lar»(1992), «Qaraqalpaq folkloristikasi’» (1989), Q.Ayi’mbetovti’n’ «Xali’q danali’g’i’» (1988), A.Ali’movti’n’ «Qaraqalpaq liro-epikali’q da’stanlari’» (1983) sonday-aq, İ.Sag’itovti’n’ «Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ qaharmanli’q eposi’» (1986) miynetleri tiykari’nda negizgi ma’selelerdin’ sheshimin tabi’w ushi’n qollandi’q.

Usi’lardan kelip shi’g’i’p jumi’si’mi’zdi’n’ **tiykarg’i’ maqset-wazi’ypasi’** yetip:

-Yer Ziywar da’stani’ni’n’ ko’rkem wo’zgesheligin ko’rsetip beriw

- «Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ ideya –tematikali’q wo’zgesheliklenin ashi’p beriw.

- da’standag’i’ qaharmanlar obrazlari’na toqtap wo’tiw.

-da’stanni’n’ syujetlik wo’zgesheligi ha’m motivlerin ashi’p beriw

-da’stanni’n’ uri’s taktikalari’n ko’rsetiw

Biz, diplom jumi’si’mi’zdi’n’ **aktualli’g’i’na** «Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ basqa da’stanlardan ayi’rmashi’li’g’i’n, woni’n’ ko’rkem wo’zgesheligi, basli’ ideya-tematikasi’ basti’ri’p kelgen dushpanlardi’ jen’iw ha’m sol jolda ushi’rag’an qi’yi’nshi’li’qlarg’a aqi’l-parasati’, ma’rtligi, qaharmanli’q is-ha’reketleri na’tiyjesinde janrli’q tu’ri boyi’nsha qaharmanli’q da’stanlar qatari’na kirgizip, xali’qli’q da’stan yekenin ashi’p beriwden ibarat.

“Yer Ziywar” da’stani’ haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar jeterli da’rejede az bolg’ani’ sebepli, sog’an qaramastan da’stanni’n’ qaraqalpaq folklori’nda belgili wori’ng’a iye boli’wi’ Qurbanbay ji’raw repertuari’nda da jan’ashi’li’q yekeni, ha’zirshe da’stanni’n’ variant, versiyalari’ni’n ushi’ramawi’na baylani’sli’ «Yer Ziywar» da’stani’ u’stinde ko’p izertlew talap yetetug’i’ni’n da’stanlar qatari’nda aktual ma’sele yetip ali’p shi’g’i’wi’mi’z wori’nli’ bolar.

Bul da’stan toli’q izertlew basqi’shi’na ali’nbag’anli’qtan, ja’ne de tarti’sli’ pikirler, si’n ko’z-qaraslar bildirilip wo’tilse ko’rkemligi talap da’rejesine juwap bere alatug’i’ni’ sebepli, basqa ayti’li’p ju’rgen da’stanlar qatari’ xali’q na’zerine tu’sip ju’reginen bekkem wori’n alari’ so’zsiz.

Sonday-aq, bul **jumi’sti’n’ qurli’si’** retinde pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda kirisiw, juwmaq ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ti’sqari’ yeki bapqa bo’lip ali’p qaradi’q.

Ha’r bir bapta temag’a sa’ykes joba du’zilip da’standag’i’ tiykarg’i’ juwap izlegen sorawlarg’a juwap tabi’wi’mi’zg’a jen’illik jaratadi’. Biz, u’yrenbekshi bolg’an «Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ ideyasi’ bastan-ayaq yeldi qorg’awda bati’rli’q is ha’reketler ushi’n talpi’ng’an, ha’r qanday qi’yi’n ma’selenin’ sheshimin tabi’wda yer ju’rekliligi, bati’rli’li’g’i’, woni’ yeldi qorg’aw maqsetinde jani’n a’jel wog’i’na qoyi’wi’ Yer Ziywar, Yer Janay, Aq Ju’ginis obrazi’na sin’dirilip yerlik, a’dillik, ken’ peyillik, joqari’ adamgershilik qa’siyetleri ji’raw ta’repinen sheberlik penen ko’rkemlep berilgen. Bular bu’gingi ku’ni ma’mleketimizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an milliy g’a’rezsizlik ideologiyasi’ni’n’ jeti ideyasi’ni’n’ birewi Ka’mil insan ideyasi’ menen wo’z ara jaqi’n keledi.

Usi’ a’hmiyetli principlerge tiykarlang’an halda aldag’i’ wazi’ypalar mi’na mazmun tu’ri boyi’nsha «Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligin, ideya-tematikasi’n ashi’p beriw ushi’n xizmet atqaradi’: « Ka’mil insan ideyasi’ – ha’m milliy ha’m uli’wma adamzatqa ta’n mazmung’a iye bolg’an, wog’an ta’n yen’ joqarg’i’ ruwxi’y ha’m dene salamatli’g’i’n ja’m yetken, woni’ ba’rhama jaqsi’li’qqa sharlaytug’i’n ideya». Yer Ziywar da’stanni’n’ bas qaharmani’ boli’p, bunnan keyingi obrazlar sistemasi’ woni’n’ a’tirapi’nda ju’z berip xali’q ishinen shi’qqan a’piwayi’ adamlardi’n’ xarakteri menen jawi’z niyetli kisilerdin’ qi’lmi’slari’ barli’q is-ha’reketler bir-birine tutasi’p, xali’qli’q wo’zgesheligin ko’rsetip turadi’. Atap aytqanda, Yer Ziywar da’stani’ni’n’ syujetlik wo’zgeshelikleri bo’liminde bolsa, syujetlik quri’li’si’ haqqi’nda ha’m motivlerinin’ da’sturiy , jeke tu’rleri ken’ tu’rde so’z yetiledi. Sonday-aq, syujeti menen qatar, da’stanni’n’ do’reliw da’wiri, toponimikali’q atamalar haqqi’nda boljawlar ilimpazlar pikirlerine, tariyxi’y faktlerge su’yengen halda u’yrenilip shi’g’i’ldi’.

Al, ko’rkemlik wo’zgesheliklerinde joqari’dag’i’lardan kelip shi’g’i’p, da’stang’a sholi’w jasaw niyetinde ko’rkem estetikali’q quri’lg’an bayanlaw usi’li’, tili, Qurbanbay ji’rawdi’n’ atqari’w sheberligi haqqi’nda pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ mazmuni’na aylanatug’i’ni’n ayti’p wo’tpekshimiz.

Uli’wma sha’rtli materiallardi’, pikirlerdi ji’ynaqlap ali’p qarag’ani’mi’zda, biz Yer Ziywar da’stani’ni’n’ qaraqalpaq folklori’nda g’ana yemes, basqa qon’si’ xali’qlar a’debiyati’nda da wo’z worni’na iye boli’w mu’mkinligin ayta kelip, ha’zirgi momentte qaraqalpaq xalqi’ni’n’ milliy da’stanlari’ aldi’nda qatar ali’p qarawi’mi’z maqsetke muwapi’q keledi.

# I BAP. Yer Ziywar da’stani’’ni’’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligi

## 1.1. Syujetlik quri’’li’’si’’ ha’m kompozitsiyasi’’

«Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ kompozitsiyasi’ sheberlik penen jasalg’an. Da’stanni’n’ ayri’m bo’limleri, waqi’yalar epizodlar bir-biri menen jaqsi’ baylani’sqan. Da’standag’i’ su’wretlengen waqi’yalardi’n’ mazmuni’ tematikasi’ jag’i’nan bir neshe tu’rlerge bo’linedi.

Ha’sen xanni’n’ Taqtapolat penen uri’si’w Ziywar menen Janaydi’n’ yerligi, Abaqan menen Arsari’ni’n’ ha’reketleri, Qa’lenderdin’ Ziywar menen ushi’rasi’wi’, Za’wriya menen Ziywardi’n’ dosli’g’i’, Aynajamaldi’n’ xabari’ Ziywarg’a keliwi, Janaydi’n’ Aqtamaqqa qosi’li’w. Janay menen Abaqanni’n’ Ziywarg’a atlani’sqa shi’g’i’wi’ Ziywardi’n’ Xorezm yelinde ti’ni’shli’q wornati’wi’ h.t.b. waqi’yalardi’n’ beriliwi da’stanni’n’ negizgi waqi’yalari’nan boli’p yesaplanadi’. Da’standag’i’ tiykarg’i’ waqi’ya Yer Ziywar Taqtapolat penen bolg’an gu’resi boli’p tabi’ladi’. Da’standag’i’ ha’r bir waqi’yalardi’n’ mazmuni’ ha’r qi’yli’ bolg’ani’ menen, wolarg’a bir-birine wog’ada ti’g’i’z baylani’sqan ha’m sonli’qtan da bir tutas da’stan boli’p qa’liplesken. Sebebi, da’standag’i’ qaysi’ bir waqi’yani’ ali’p qarasaq ta ji’rawdi’n’ sheberlik penen baylani’sti’rg’ani’n ko’remiz.

Yer Ziywar da’stani’ndag’i’ tiykarg’i’ syujet Ziywardi’n’ Taqtapolat patshag’a qarsi’ gu’resiwi quraydi’. Al, basqa waqi’yalar usi’ syujetti toli’qti’ri’p woti’radi’.

«Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ usi’nday quramali’ boli’p bir neshe syujetlerden quralg’an. Da’standag’i’ tiykarg’i’ waqi’ya yen’ a’yyemgi zamanlarda bolg’an dep ayti’lg’an. Da’standa qi’yali’y, diniy elementler de ushi’rasadi’.

Ayri’m waqi’yalar yerteklerge uqsaydi’. Mi’sali’: Za’wriya menen Ziywardi’n’ Zernigar jurti’na bari’p Aynajamal menen ushi’rasi’wi’n ali’p qarasaq duwani’n’ ku’shi menen ha’r qi’yli’ ha’diyselerdin’ boli’wi’, ba’lelerden quti’li’wi’ h.t.b. Sog’an qaramastan da’stanni’n’ syujeti bir tegis, izbe-izlik penen rawajlani’p woti’radi’. Da’standag’i’ ja’ne bir ayi’rmashi’li’q tiykarg’i’ qaharmanlardi’n’ tuwi’li’wi’ berilmeydi al, wolardi’n’ u’lkeyip mektepte woqi’p ju’rgen waqi’yalari’nan baslanadi’ ha’m usi’ waqi’tlari’ –aq yeldegi siyasi’y jag’daylardan xabar tawi’p wo’zlerinshe yel qorg’aw islerine aralasi’p ketedi.

Da’standag’i’ tiykarg’i’ waqi’yalar bati’rdi’n’ qaharmanli’q isleri menen baylani’sti’ri’lg’an. Da’standa uri’s, basi’p ali’wshi’ patsha Taqtapolat ta’repinen baslani’p, woni’n’ nabi’t boli’wi’ menen tamamlanadi’. Uri’sti’n’ tiykarg’i’ sebebi de, wo’z basi’ni’n’ g’ami’n woylap du’nya, jer, suw, bayli’q, baxi’t da’wletke qi’zi’g’i’wshi’li’qtan baslanadi’. Bul barli’q da’stanlar ushi’n ta’n bolg’an belgi. Bul a’piwayi’g’ana uri’s boli’p qalmastan a’dillik ha’m a’dilsizlik arasi’ndag’i’ azatli’q gu’reske aylanadi’. Soni’n’ ushi’nda barli’q da’stanlardag’i’day «Yer Ziywar» da’standa uri’s syujetlik jag’i’nan da ideyali’q jag’i’nan da bir-birine uqsas mi’sali’: Taqtapolatti’n’ qi’sqa waqi’t ishinde uri’s ashi’wi’ h.t.b.

Da’stanni’n’ tiykarg’i’ syujetindegi waqi’yalar basqa da’stanlardi’n’ da’stu’riy syujetlik quri’li’slari’nan ko’p g’ana wo’zgeshelikleri menen ayri’qshali’qqa iye. Ayi’ri’m da’stanlarda ya, perzenti, ya atasi’ dushpang’a qarsi’ gu’reske shi’g’atug’i’n bolsa «Yer Ziywar» da ata-bala birge ju’rip dushpang’a qarsi’ gu’resedi.

Yer Ziywardi’n’ Aynajamalg’a ashi’q boli’wi’ woni’ izlep ketiwi, Taqtapolat penen uri’si’p bolg’annan keyin boladi’. Da’standa Ziywarg’a

Za’wriyani’n ashi’q boli’wi’, Aynajamal menen ushi’rasti’ri’wi’ da basqa da’stanlardag’i’day yemes.

Da’stanni’n’ kompozitsiyasi’ tiykarg’i’ ideyasi’ baslani’wi’ndag’i’ uri’sqa shaqi’ri’q suwi’q xabar uri’sti’ keltirip shi’g’aradi’. Uri’sqa woqi’p ju’rgen Ziywar menen Janaydi’n’ aralasi’wi’ Ha’sen xanni’n’ jen’ilisinen keyin za’ru’r yedi, sebebi atasi’ qatti’ albi’rap turg’ani’n da yeki birdey perzenti su’yenishi boli’wi’ menen jen’iske ushi’raydi’. Xorezm xalqi’ni’n’ birigiwi dushpandi’ jen’iwge ali’p keledi. Ziywardi’n’, Aynajamal menen Za’wriyani’n’ doslasi’wi’ da Xorezm yelinde ti’ni’shli’kti’ saqlawg’a sebepshi boladi’. Janaydi’n’ a’kesinin’ dushpani’ bolg’an Taqtapolatti’n’ qi’zi’na u’yleniwi «Alpami’s» da’stani’ndag’i’ Alpami’s ha’m Gu’lparshi’nni’n’ muxabbati’na uqsas su’wretlenedi.

Da’standag’i’ waqi’yalardi’n’ ko’pshiligi uri’sti’n’ xabari’, uri’sqa tayarlani’w, uri’s ha’m jen’is, uri’sti’n’ tamamlani’wi’, qi’zdi’n’ xabari’, qi’z izlew, ushi’rasi’w, jen’is penen qayti’p keliw, toylardi’n’ qi’ri’q ku’n wo’tkeriliwi, qi’zlardi’n’ qi’ri’q qi’zi’ menen jasawi’ h.t.b. epizodlar da’stu’riy tu’rde berilgen.

«Yer Ziywar» da’stani’nda bastan aqi’ri’na xali’qti’n’ wo’tken da’wirindegi sotsialli’q turmi’s jag’daylar berilgen. Xali’q bati’ri’, palwanlar bay, xan, patsha, wazirler, periler, mollalar, duwaxanlar, si’yaqli’ xali’qti’n’ ha’r qi’yli’ jag’daylari’n ko’remiz. Wolar xali’qti’n’ ha’r qi’yli’ jag’daylari’n, turmi’si’n, ku’n ko’rislerin ko’rsetedi.

Mi’sali’: xanlar arasi’ndag’i’ qari’m-qatnas, toy-mereke da’stu’rlerdin’, u’rp-a’detlerdin’ saqlani’wi’ dosli’q su’yispenshilik ha’r qi’yli’ xali’q woyi’nlari’, toylarda at jari’si’, palwan gu’res, qi’z-jigitler woti’ri’spalari’ h.t.b.

Da’standa ja’ne bir jag’day, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ wo’tken da’wirdegi turmi’si’ ani’q ko’rsetetug’i’n ko’plegen tariyxi’y wori’nlar menen jer suw atamalari’ haqqi’nda mag’li’wmatlardi’n’ beriliwi.

«Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ kompozitsiyali’q quri’li’si’, ha’r bir personajdi’n’ belgili ideyalardi’ bildiriwde qatnasi’wi’ menen ti’g’i’z baylani’sli’, sebebi da’standag’i’ ma’stan kempir, duwaqan g’arri’, mollalar, Za’wriya duwaqan, Qa’lender bala h.t.basqalardi’ da’stannan ali’p taslawg’a ayri’m is-ha’reketleri arqali’ da baylani’si’p, rawajlani’p woti’radi’.

Bunday epizodlardi’n’ da’standa wori’n ali’wi’ da’stu’riy su’wretler boli’p, qaraqalpaq qaharmanli’q da’stanlari’ni’n’ syujet quri’li’si’ndag’i’ yerteklerge jaqi’n boli’p keliwi menen baylani’sadi’. Mi’sali’: pirlerdin’ boli’wi’, wolardi’n’ bati’rlarg’a g’amqorli’q yetiwi h.t.b. ushi’rasadi’.

«Yer Ziywar» da’stani’nda bunday «pir» wo’zinin’ pirlik qa’siyetin jayi’p «qa’lenderlik» halg’a tu’sedi, real adam si’pati’nda ken’es beredi.

Si’rtqi’ dushpanlarg’a qarsi’ gu’res ha’r bir qaharmanli’q da’standa ha’r qi’yli’ sheshilgen menen bir maqsette yeldin’ azatli’g’i’n ha’m g’a’rezsizligin saqlaw ushi’n si’rtqi’ dushpanlar menen ayawsi’z gu’reske bag’darlanadi’. Bul gu’res «Yer Ziywar» da’stani’nda patsha ha’m shaxzadalardi’n’ basshi’li’g’i’nda, wolardi’n’ doslari’ni’n’ quwatlawi’ menen ko’rsetiledi.

Gu’res ma’selenin’ bir ta’repin wo’z ishine ali’p qoymastan yeki jaqti’n’ (dosti’n’, dushpanni’n’) da tag’dirin wortag’a saladi’. Solay yetip gu’res a’dillik penen a’dilsizlik, dos penen dushpanni’n’ tiresiwinin’ tu’yini boladi’.

Usi’ tu’yin do’geregindegi ma’sele sheshiledi. «Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ bahali’li’g’i’ bati’rdi’n’ xali’qqa xi’zmet yetiwi menen belgilenedi.

Da’stan quri’li’si’nda patsha obrazlari’ ha’r qi’yli’ berilgen. Ha’sen – «A’dilxan», Taqtapolat bolsa yeldi basi’p ali’w, zuli’mli’q isleri menen

shug’i’llanadi’, xanlardi’ si’patlawda, wolardi’n’ qasi’nda darlari’ni’n’, zindani’ni’n’, patshalari’ni’n’ turg’anli’g’i’n aytadi’. Bati’rdi’n’ kelbetin ko’rsetiwge «womi’rawi’ besiktey» sari’, jay, nayza, qi’li’sh penen qurallang’an u’stinde muzday sawi’ti’ bar dushpannan qori’qpay ali’sadi’. «A’welgi na’wbet meniki», son’g’i’ na’wbet senniki», na’wbetimdi ber h.t.b. si’patlawlar, so’ylesiwler arqali’ su’wretlengen.

Patshalardi’n’ qollari’nda jarqi’rag’an aybaltasi’ni’n’ barli’g’i’ h.t.b. ko’rinisler da’standa ju’da’ wo’z worni’ menen berilgen.

Da’standa wa’zirlerdin’ aqi’li’ menen xanlardi’n’ is tuti’wi’ ayi’ri’m wa’zirlerdin’ wo’z xanasi’nan waz keshiwi h.t.b. su’wretlewler ushi’rasadi’. Uli’wma alg’anda «Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ syujeti, kompozitsiyali’q quri’li’si’, qaharmanlardi’n’ is-ha’reketleri, waqi’yalar ha’r qi’yli’ epizodlardi’n’ beriliwi Qurbanbay ji’rawdi’n’ do’retpesine ta’n bolg’an jeke ayi’rmashi’li’qlar arqali’ do’regen Qurbanbay ji’rawdi’n’ basqa ji’rawlardan wo’zinin’ ko’rkemlik so’z sheberligi menen ayri’qshali’qlari’ bar yekenligin da’standi’ woqi’w arqali’ ko’remiz.

«Yer Ziywar» da’stani’ ko’lemi jag’i’nan won bir mi’n’ qatardan ibarat boli’p, tek g’ana qosi’qtan quralg’an. Usi’ qosi’q qatarlari’ arqasi’nda ji’raw waqi’yalardi’ izbe-iz berip, qaharmanlardi’ ha’r qi’yli’ belgiler menen si’patlap, turmi’s waqi’yalari’n turmi’sta ushi’rasatug’i’n ha’r qi’yli’ adamlardi’, wolardi’n’ minez quli’qlari’n wo’z worni’ menen bayanlaydi’.

Da’standa unamli’ ha’m unamsi’z obrazlar menen usi’ qaharman obrazlari’n toli’qti’ri’wshi’ ha’r qi’yli’ minez-quli’qqa iye personajlarda wo’z si’patlari’n tapqan.

## 1.2. Da’stanni’n’ tili.

″Yer Ziywar″ da’stani’ni’n’ tili jen’il, wonda ko’rkemlew qurallari’ bolg’an ten’ew, epitet, metafora, metonimiya h.t.basqalar qaharman obrazlari’n jasawda, wolardi’n’ is-ha’reketlerin, jeke wo’zgesheliklerin ko’rsetiwde ken’nen qollani’lg’an ha’m ko’rkemlew qurallari’n sheberlik penen xali’q turmi’si’na sa’ykes paydalang’an.

″Jaw na’zeri qara tasqa,

″Ari’slani’m″ aman keldin’ be?″

yamasa

″Sun’qari’m aman keldin’ be?″,

″Jan qozi’m″, ″shekerim″ h.t.b.

Bunnan basqa da’standa naqi’l-maqallardan sheber pa ydalani’lg’an.

Da’standa bati’rdi’n’ anasi’ tilinen bati’rg’a qarati’la ayti’lg’an so’zlerinde ″aybati’m″, ″shi’rag’i’m″, ″Dizgenemnin’ quwati’″, ″Ma’nzilim″ h.t.b. ko’rkemlikke iye so’zler sheber qollani’ladi’.

″Xali’qti’ gewlep qoymag’an

″Aydarhaday″ jutsan’ da

Bir tamag’i’n’ toymag’an″.[3]

yamasa:

″Toppi’si’ tozg’an,

Sozg’anda yeki dizesi

qulag’i’nan za’rre wozg’an″.[4]

[3] Сонда, i t-бет.

″Yemdey jalg’i’z balam″,

″Ko’zimnin’ ag’i’-qarasi’″ t.b.

Sinonim, omonim, so’zler de jiyi-jiyi qollani’lg’an.

Da’standag’i’ qosi’qlar bastan-ayaq tolg’aw tu’rindegi 7-8 buwi’nli’ ha’m 11 buwi’nli’ 4 qatarli’ qosi’qlardan, qi’z-jigitler soraw-juwaplari’nan quri’lg’an boli’p, ji’raw tiykari’nan ji’rlawg’a qolayli’ yetip islep shi’qqan. 10-11 buwi’nli’ qosi’q qatarlari’ da aralas keledi.

Mi’sali’:

Ha’sen xan bes yerdin’ qani’n almaqshi’,
Baslari’n’a aqi’rzaman salmaqshi’,
Ku’shin’ bolsa ko’rsetin’iz qalmaqlar,
Qori’qsan’ lashi’n’ Besmazarda qalmaqshi’.

yamasa 5-6 buwi’nli’ 5 qatarli’ qosi’qlar:

Xorezmli Ha’sen xan,
Taqtapolat patshani’n’,
Za’ha’rli so’zin yesitip,
Tula boyi’ tu’rshigip,
Denesi laplap qi’zadi’.

yamasa 7-8 buwi’nli’ 4 qatarli’ qosi’qlar:

Aq su’t bergen g’a’rip anam,
Ko’zin’di ash, balan’ keldi,
Qublag’a ha’m jani’m ka’bam,
Ziyaratqa balan’ keldi.

---

[4] Сонда, quo-бет.

Bul qosi’q quri’li’si’ndag’i’ i’rg’aqlar turaqli’ yemes, sebebi 11-12 buwi’nli’ dialoglar da ushi’rasadi’. Ayi’ri’m waqi’tta waqi’yani’n’ mazmuni’na sa’ykes uyqas ta’repleri de wo’zgeriske ushi’rap turadi’.

Da’standag’i’ qara so’zler wonsha ko’p yemes, tek da’stanni’n’ basi’nda g’ana 5-6 qatar qara so’z berilgen.

Uli’wma, da’standag’i’ qosi’q quri’li’slari’ ha’r qi’yli’ buwi’nlardan turadi’. Su’wretlew usi’llari’ da bir qansha wo’zgesheliklerge iye. Bunda ten’ew, metaforalardan xali’qti’n’ tilinin’ sheber bayli’qlari’ si’pati’nda sheber paydalang’an.

Bati’rdi’n’ kelbeti, xan, patsha, wa’zir, periyzat qi’zlar, atti’n’ qanati’ni’n’ shi’g’i’wi’, molla duwaxanlardi’n’ tu’r-tu’sin su’wretlew h.t.b. ju’da’ wori’nli’ berilgen.

Da’standi’ woqi’p woti’ri’p xali’q tilinin’ wog’ada bay yekenligine, si’rli’, shireli so’zlerdin’ barli’g’i’na ta’siyin qalasan’. Ko’p ji’llar dawami’nda saqlani’p qalg’an soraw-juwaplar, ushi’rma so’zler wog’ada jiyi qollani’ladi’. Wolar pikirdin’ ken’ligi, so’zdin’ shireliligi, adamg’a jag’i’mli’li’g’i’ jag’i’nan ayri’qsha di’qqatqa iye.

Qosi’q quri’li’si’ndag’i’ birgelikli seslerdin’ tiykari’nda payda bolg’an uyqaslar, woni’n’ ko’rkemliligin a’dewir joqari’lati’p tur.

Da’standa bunnan basqa da ha’zirgi so’ylew tilimizde siyrek ushi’rasatug’i’n, biraq til tariyxi’mi’zda yelewli worni’ bar ayi’ri’m so’zler de qollani’lg’an. Mi’sali’: g’a’nim-adam degen ma’niste, shandam-waqti’ xosh, kewilli, pirqaman-ilimli, wo’nerli, mulaqat-kewlim toldi’, muhayam-ani’q, mu’mkin, bawar-qabi’l, murg’uzar-zawi’q, ma’slik, izajat-hu’rmetlew, ba’wir-basqa dindegi adam, dabi’s-uri’sqa shi’g’arda qag’i’latug’i’n zat, darg’azap-qatti’ ashi’wlani’w, ka’bam-ata-anam, qalqan-oqqa, nayzag’a qarsi’ tutatug’i’n uri’s qurali’, porqan-awi’ri’wdi’ ka’ramat pene yemlewshi,

posa-bettin’ almasi’, la’b-erin, tilla-alti’n, sari’ jay-ati’w qurali’, sa’wkele-hayal-qi’zlardi’n’ hasi’l alti’n-gu’mis penen bezelgen bas kiyimi, siyne-ko’kirek, top-uri’s qurali’, sheyit-gu’nasi’z wo’lim h.t.b. so’zler da’stanni’n’ til ko’rkemligi ayri’qsha mazmuni’n ku’sheytiwde de a’hmiyetli wori’n tutqan. Da’standa syujetlik kompozitsiyali’q jag’i’nan sheber quri’lg’an ma’deniy-a’debiy miyrasi’mi’zdi’n’ alti’n si’pati’nda a’hmiyetke iye. Da’standi’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ u’lken ma’deniy yesteligi si’pati’nda teren’irek u’yreniwimiz ha’m izertlewimiz za’ru’r.

## II BAP. ″Yer Ziywar″ da’stani’ni’n’ ideyali’q bag’i’ti’ ha’m obrazlari’.

### *2.1. Da’standa Watandi’, yel-xali’qti’ qorg’aw ideyasi’.*

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ basqa da qaharmanli’q da’stanlari’ si’yaqli’ ″Yer Ziywar″ da’stani’ xali’qti’n’ wo’tken da’wirlerdegi gu’resin awi’z yeki xali’q do’retpelerinin’ u’lgisi si’pati’nda su’wretlegen xali’qli’q ideyadag’i’ da’stan. ″Yer Ziywar″ qaharmanli’q da’stan boli’w menen birge, woni’n’ tiykarg’i’ ideyasi’ ″Qi’ri’q qi’z″, ″Qurbanbek″ h.t.b. qaharmanli’q da’stanlar si’yaqli’ si’rtqi’ basi’p ali’wshi’ xanlarg’a qarsi’ gu’res boli’p, tiykari’nan waqi’ya Xorezmde boladi’. Da’standag’i’ tiykarg’i’ waqi’yalar Xorezm, Aqju’rim, Sardaba, Ko’kshetaw, Zernigar ha’m tag’i’ basqa da jer wori’n atlari’ menen baylani’sli’ boli’p Ha’sen, Janay, Abaxan, Taqtapolat, Sarwanli’, Aqju’ginis, Aqqozi’, Baysal, Arsali’, Ayjamal, Za’wriya-Jahan, Ziywar qusag’an obrazlardag’i’ qaharmanlar menen personajlar a’tirapi’ndag’i’ toli’p ati’rg’an qi’zi’g’arli’ waqi’yalar tiykari’nda da’stanni’n’ ideyasi’ ju’da’ ko’rkemlilik penen ashi’p berilgen.

Qurbanbay ji’raw wo’zine ta’n wo’zgeshelik penen bul da’standag’i’ waqi’yalardi’ izbe-izlik penen sheber atqarg’an, xali’qqa tu’sinikli qi’zi’g’arli’ waqi’yalardi’ yosh penen ji’rlag’ani’n da’stanni’n’ ha’r bir qatarlari’nan ko’riwimizge boladi’. ″Yer Ziywar″ da’stani’nda ja’ne bir ko’zge taslanatug’i’n ayri’qshali’q qaharmanlardi’n’ asi’ng’an jaraqlari’n ta’riyplewde qi’li’sh, nayza, wot penen ati’latug’i’n jaraqtan, toplardan paydalani’w wo’zgesheliklerine shekem da’standa qi’zi’qli’ yetip berilgen. Bunday ta’riyplewler da’stanni’n’ tiykarg’i’ ideyasi’ni’n’ xali’qqa ani’q, tu’sinikli yetip beriliwinde ayri’qsha a’hmiyetke iye.

Da’stanni’n’ tiykarg’i’ ideyasi’ndag’i’ waqi’yalar Xorezm xani’ menen Jung’ar xani’ arasi’ndag’i’ tarti’s, si’rtqi’ basi’p ali’wshi’ xanlarg’a qarsi’ gu’resten ibarat boli’p da’stanni’n’ basi’nan baslap aqi’ri’na shekemgi waqi’yalar bati’rdi’n’ qaharmanli’q isleri menen birge, da’standag’i’ basqa qaharmanlardi’n’ qatnasli’ yekenligi waqi’yalar tiykari’nda ayti’ladi’.

Da’standag’i’ obrazlar yelin si’rtqi’ dushpanlardan qorg’ap, xali’qlar dosli’g’i’n, paraxatshi’li’qti’ wornati’w Xorezm xani’ Ha’sen xan menen woni’n’ balasi’ Yer Ziywardi’n’ Jung’ar xani’ Taqtapolatqa qarsi’ gu’resi ha’m Taqtapolatti’n’ qi’zi’ Aqtangerdin’ jen’ilisi, Taqtapolatti’n’ wo’ltiriliwi, Abaxanni’n’ xanli’q da’rejesine ko’teriliwi Yer Ziywardi’n’ inisi Janaydi’n’ wa’zirlik da’rejesine jetiwi ha’m molla iyshanlardi’n’ Abaxan menen Janaydi’ Ziywarg’a qarsi’ qoyi’wi’ ha’m wolardi’n’ Ziywardan qatti’ soqqi’ jewi, Xorezmde ti’ni’shli’qti’n’ wornawi’ ha’m tag’i’ basqa da qi’zi’qli’ waqi’yalardi’n’ ko’rkem tu’rde ji’raw tilinen beriliwi arqali’ ko’rinedi.

Xan obrazi’n beriwde ji’raw bi’layi’nsha si’patlaydi’.

″Buri’ng’i’ zaman waqti’nda, Xorezmnin’ yellerinde, Aq-ju’rim degen qalada Ha’sen degen xan bar yedi, Shahi’ Ha’sennin’ waqti’nda Xorezmnin’ yellerin ko’p abadan der yedi″,[5] dep da’standa ji’raw Ha’sen xanni’n’ a’dil xan bolg’anli’g’i’n, woni’n’ xalqi’ni’n’ turmi’si’ abadan, ti’ni’sh-tati’w jasag’anli’g’i’n, xanni’n’ a’dilliginin’ arqasi’nda yelinin’ paraxatshi’li’qta jasap ati’rg’anli’g’i’n ji’raw sheberlik penen ashi’p bergen.

″Yer Ziywar″ da’stani’ndag’i’ uri’s Taqtapolat ta’repinen baslani’p, wol basi’p ali’wshi’ xan boli’wi’ menen birge yelge bu’lginshilik sali’wshi’, qara basi’ni’n’ g’ami’n woylap da’stan aqi’ri’nda wo’z basi’na wo’zi jetiwi menen juwmaqlanadi’. Ji’raw a’dil xan Ha’sen menen basi’p ali’wshi’ jawi’z

---

[5] «Ер Зийўар″ дәстаны», IX том. q0-бет.

xan Taqtapolatti’n’ si’rtqi’ ko’rinisleri menen ishki minez-quli’qlari’n ju’da’ sheberlik penen ji’rlag’an.

Da’standa jawi’z xan Taqtapolat obrazi’n si’patlawda:

″Sansi’z qalmaq yelinen Taqtapolat Xorezmdi alsam dep a’rman yetip ju’r yedi. Bir ku’nleri shiyrin jani’n qi’ynadi’, patsha la’shker ji’ynadi’, yabi’dayi’n tuwladi’, won alti’ tap su’yretip, Xorezmdi almag’a woti’z mi’n’ la’shker aydadi’. La’shkerlerin yertip patsha jolg’a ra’wan boldi’″,[6] dep ji’raw woni’n’ islegen is-ha’reketlerinin’ unamsi’z si’patlari’n ayti’w menen birge, aldi’na qoyg’an maqsetinin’ de, a’rmani’ni’n’ da jaman yekenligin, jawi’z niyetli islerdi a’melge asi’ri’wda wo’zinin’ de jani’n, xali’qi’n da qi’ynap ayamaytug’i’nli’g’i’n ko’rsetip bergen.

Da’standa bunnan basqa qaharman obrazlari’nan Ha’sennin’ balasi’ Janay, Ziywar, Taqtapolat patshani’n’ jaqsi’ ko’rgen ha’miresi Abaxan wa’zir, Taqtapolatti’n’ qi’zi’ Aqtanger, Aqsari’, Aynajamal, Sarwashi’, Aqju’ginis, Aqqozi’, Baysal, Za’wriya-Jahan, molla-iyshan, ma’stan kempir berilgen.

Da’standa bati’rdi’n’ g’amxorshi’si’, basqa da’stanlardag’i’day ″pir″ yaki ″Qi’zi’r İlyas″ yemes, al a’piwayi’ adam si’pati’ndag’i’ ″qa’lender″ qa’lpinde su’wretlenedi. Wol ha’mme waqi’tta bati’rg’a wo’z aqi’li’n ayti’p ken’es berip woti’radi’. Bul ji’rawdi’n’ basqa ji’rawlardan ayi’rmashi’li’g’i’, da’standag’i’ wo’zgesheliklerdi wo’zinshe sheberlik penen ko’rsetip bere alg’anli’g’i’.

Da’standag’i’ obrazlar arqali’ si’rtqi’ dushpanlarg’a qarsi’ gu’res ha’r bir qaharmanni’n’ aldi’na qoyg’an maqseti yekenligin ha’m yeldin’ azatli’g’i’na ha’m g’a’rezsizligin saqlawg’a ayawsi’z gu’res ali’p barg’anli’g’i’n

[6] Қарақалпақ фольклоры. IX том. Нөкис, ″Қарақалпақстан″, qoiq, q0-бет.

ko’remiz. Da’standag’i’ patsha ha’m shahzada obrazlari’ arqali’ bul gu’reslerdin’ na’tiyjesi ko’rinip woti’radi’.

Bunnan basqa gu’reske basshi’li’q yetiwshi patsha ha’m shahzadalardi’n’ doslari’ni’n’ obrazlari’ da, wolardi’ quwatlaw ja’ne de xali’qti’ wo’z keynine yertken a’dil wa’zirler obrazlari’ arqali’ ko’rinip woti’radi’. Basi’p ali’wshi’ ta’replerge qarsi’ azatli’q ushi’n gu’resiwshi ta’repler da’standag’i’ waqi’yalar arqali’ ku’shli berilgen. Gu’res temasi’ni’n’ so’z yetiliwi dosli’q ha’m dushpanshi’li’q ta’g’dirlerin wortag’a saladi’.

″Yer Ziywar″ da’stani’ni’n’ ideyali’q bahali’li’g’i’ bati’rlardi’n’ xali’qqa xi’zmet yetiwi arqali’ ko’rinedi. Da’standag’i’ Yer Ziywardi’n’ obrazi’ni’n’ bati’r si’pati’nda beriliwi Aynajamaldi’n’ so’zi arqali’ ji’raw ta’riypleydi.

Yelin’di uyqi’da shapqanda dushpan,
Tulpari’n’ ju’yrikdur qanatli’ qustan,
Irza bolsi’n qublago’yin’ atan’ da,
Xalqi’m desen’ tezirek atlan ma’rt palwan.[7]

dep ju’da’ tapqi’rli’q penen ji’raw yoshi’p ji’rlaydi’.

Da’standa bati’r obrazi’n ji’raw adamni’n’ ko’z aldi’na ″omi’rawi’ yesiktey″, iyninde sari’ jayi’, nayzasi’ menen qi’li’shi’ bar dep si’patlaydi’. Yer Ziywar obrazi’n unamli’ belgiler menen ha’r ta’repleme sheber bere alg’an. Tuwi’sqani’ Janaydi’n’ obrazi’n basqa da’stanlardag’i’day aqi’lgo’y, ja’rdemshi si’pati’nda yemes, al qarama-qarsi’ unamsi’z is-ha’reketleri menen ji’rlaydi’. Bati’rdi’n’ su’ygen yari’ Aynajamaldi’n’ obrazi’ bolsa, bati’rdi’n’ ken’esgo’yi, jaqi’n joldasi’ si’pati’nda ji’rlanadi’. Kerek jerinde

[7] ″Ер Зийўар″, r r i -бет.

wo’zinin’ dosli’q ken’esin bati’rdan ayamaydi’, qoli’nan kelgeninshe ja’rdem berip woti’radi’. Wol wo’zi qi’z boli’wi’na qaramastan bati’rdi’n’ su’yenishi, ashi’g’i’, wopali’ yari’ si’pati’nda ji’rlanadi’. Ji’raw woni’n’ aqi’li’, ishki du’nyasi’n ayti’w menen birge, go’zzaldi’n’ si’rtqi’ suli’wli’g’i’n ko’rkem su’wretlewler menen beredi.

″Buri’mlari’ toqpaqtan,

Qayi’ri’la berip naz yetken,

U’sh ay toqsan qi’slardi’,

Bir ku’lgende jaz yetken″.[8]

dep ju’da’ suli’w yetip ji’rlaydi’.

″Yer Ziywar″ da’stani’nda patsha obrazlari’ ha’r qi’yli’ belgileri arqali’ bir-birinen aji’rali’p turadi’. Mi’sali’ Ha’sen xan a’dillik wornati’wshi’ xan obrazi’ dep berilse, wog’an qarama-qarsi’ si’patlari’ menen Taqtapolat yeldi tonawshi’, zuli’mli’q isleri menen xali’qti’n’ jek ko’riwshilik ko’zqaraslari’n ji’raw beredi.

Demek, Ha’sen xan ″A’dil xan″ obrazi’ si’pati’nda beriledi de, Taqtapolat jawi’z niyetli xan obrazi’ si’pati’nda berilgen. Da’standag’i’ Abaxan obrazi’ da biraz qarama-qarsi’ si’patlari’ menen ko’zge tu’sedi. Xanni’n’ aqi’lli’ wa’ziri boli’wi’na qaramastan, biylik ushi’n ha’r qi’yli’ jaman is-ha’reketlerdi islep wo’zinin’ abi’royi’n to’gip ju’rgenligin ko’remiz.

Uli’wam alg’anda ″Yer Ziywar″ da’stani’ni’n’ ideyali’q bag’i’ti’, obrazlardi’n’ beriliwi, woni’n’ poetikasi’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ yekenligin ko’remiz. Sonday-aq da’standag’i’ qaharman obrazlari’, wolardi’n’ islegen is-ha’reketleri, si’rtqi’ ko’rinisleri folklorli’q

[8] ″Ер Зийўар″, qeq-бет.

shi’g’armalarg’a ta’n bolg’an ji’rawdi’n’ jeke do’retiwshiligi tiykari’nda ko’rkem tu’rde sheber su’wretlengenligin da’standi’ woqi’p shi’g’i’w arqali’ sezemiz.

Uli’wma ″Yer Ziywar″ da’stani’ni’n’ ideyali’q bag’i’ti’, obrazlardi’n’ jasali’wi’ basqa da’stanlardan bir qansha ayi’rmashi’li’qqa iye yekenligi menen aji’rali’p turadi’.

**1. Da’standag’i’ Watandi’, yel-xali’qti’ qorg’aw ideyasi’.**

Da’stanni’n’ tiykarg’i’ ideyasi’-xali’qti’n’ wo’z Watani’ni’n’ azatli’g’i’n ha’m g’a’rezsizligin qorg’aw ushi’n si’rt yel basqi’nshi’lari’na qarsi’ gu’resiw, patriotizm ha’m xali’qshi’li’q ideyasi’ boli’p bas qaharman Yer Ziywar mektepte woqi’p ju’rgen payi’tlari’nada a’kesi Ha’sen xang’a qarsi’ Aqju’rim degen qalag’a (Xorezm yelindegi) Jung’ar xani’ Taqtapolat uri’s ashi’w ushi’n wo’zinin’ yen’ su’yikli wa’ziri Abaxandi’ shaqi’ri’p ali’p: ″Ha’senge sen bar dedi, basi’na qayg’i’ sal dedi. Xorezmnin’ yellerin teklik penen bermese, Taqtapolat patshami’z Xorezmdey yelin’di, sanali’ aydi’n ko’lin’di, da’wletin’di, baxti’n’di’, ari’z sorag’an taxti’n’di’, yelin’ menen xalqi’n’di’ talap yetti almag’a, buni’ qalay ko’remiz dep bari’p shah Ha’senge ayt dedi. Tezlik penen qayt dedi″.[9] Sonda Ha’sen xanni’n’ Serim degen wa’ziri aytadi’, yeldi bu’lginshilikke salg’ansha, neshe mi’n’ xali’qti’ qi’rg’ansha, Taqtapolatqa bag’i’nayi’q dep ma’sla’ha’t beredi. Sonda Yer Ziywar ashi’wi’ kelip dushpang’a qarsi’ gu’resiw kerek. Yeldi jawdan qorg’ayi’q, wolarg’a qarsi’ gu’resip Watandi’, yeldi jawdan aman ali’p qalayi’q, wolardi’ joq yeteyik dep atasi’ menen ma’sla’ha’tlesedi. A’kesi

[9] ″Ер Зийўар″ дәстаны. q0-бет.

menen xali’qti’n’ woylasi’p-ken’esip woti’rg’ani’n ko’rip jawdi’n’ kelgenin bilip, qanlari’ qaynap, jigerleri tasi’p, wortag’a shi’g’i’p Ziywarday bati’r xalqi’na qarap bi’lay dep ga’p baslaydi’.

″-Ji’ynali’sqan adamlar,
Arzi’mdi’ yesit ag’alar,
Kelgen jaw menen uri’spay,
Xali’qti’ bersek dushpang’a,
Bolmay ma bizge nami’s-ar.
Jurti’n’di’ alsa zali’m xan,
Yel-xalqi’n’di’ shuwlati’p,
Basi’n’a salar qayg’i’-zar,
Yelin’di bersen’ yen’iretip,
Bolmas pa yeken nami’s-ar.
Bizler menen woqi’sqan,
Won mi’n’dayi’n bala bar,
Yeli-xalqi’n’ tag’i’ bar,
Woti’z mi’n’day la’shker bar,
Qari’w-jaraq tag’i’ bar,
Awi’r toplar bizde bar,
Bizge kelgen dushpanni’n’,
Ju’rip woni’n’ aldi’nda,
At qoyami’z ba’rimiz,
Uri’spag’a jaw menen″.[10]

dep xalqi’ni’n’ abi’rayi’, ar-nami’si’ ushi’n gu’resiwge, yelinin’ ti’ni’shli’g’i’n saqlap qali’wg’a, kelgen jawdi’ jeksen yetip, yel-xalqi’ni’n’ paraxatshi’li’g’i’n qorg’awg’a, tuwi’lg’an yelinin’ topi’rag’i’n jawg’a

[10] Қарақалпақ фольклоры. IX том. qe-qr-бетлер.

basti'rmawg'a xalqi' aldi'nda so'z beredi ha'm bul islerdi islewde wo'z doslari'na, yel-xalqi'na isenetug'i'nli'g'i'n aytadi'. Ziywar bati'rdi'n' yerligin wo'z xalqi'ni'n', Watani'ni'n' azatli'g'i'n, g'a'rezsizligin qorg'aw ushi'n islep ati'rg'an azamatli'q isleri da'stanni'n' tiykarg'i' ideyasi' boli'p yesaplanadi'.

Bul so'zlerdi yesitken xalqi' menen atasi' Ha'sen xan Ziywardan ko'p u'mit yetedi, yel-xalqi'na dushpanni'n' basi'p keliwine tosqi'nli'q jasap, xali'q ji'ynali'p, won bir mi'n' la'shkerge jetip ″aq tuwi'n qolg'a ali'p, atlani'n' jawg'a qarap dep xalqi'na jar saladi'″.

Bunday awi'zbirshilik penen xali'qti'n' bir jerge toplani'wi'n, wo'z yeline qarsi' kelgen dushpang'a atlani'wi'n da'stanni'n' mi'na qatarlari' arqali' ko'riwimizge boladi'.

″Bati'r tuwg'an Ha'sen xan,
Tulpardi'n' jasi'n taraydi',
A'yne sa'ske waqti'nda,
Taqtapolat patshani'n',
Won' jag'i'nan baradi',
Qorg'anda jatqan qalmaqqa,
Topalan'-tozan' saladi'
Taqtapolat zali'm xan,
La'shkerin toplap aladi',
Boyi'n ji'ynap Ha'sen xan,
Taqtapolat patshag'a,
Qa'herlenip qaradi'.
Yeki patsha shekisip,
Jaqi'nlasi'p baradi',
Sol waqi'tta Ha'sen xan,

Won’ jag’i’na qaradi’,
La’shkerine so’yledi,
So’ylegende bu’y dedi:
-Bul uri’sti’n’ qa’desi,
Ali’spaqti’ palwanlar,
Uri’spaqti’ bati’rlar,
Bari’n’ dushpan u’stine,
Bati’rlari’m jekpe-jek.″[11]

dep Ha’sen xan uri’sta bati’rli’q ha’m ma’rtlik ko’rsetiwdi, uri’sti’n’ barli’q qag’i’ydalari’n basshi’li’qqa ali’p ma’rtlershe gu’resiwge shaqi’rdi’. Bul Ha’sen xanni’n’ watang’a sheksiz berilgenliginen, xalqi’n su’yiwshiliginen, xalqi’nda jawlarg’a qatan’ jek ko’riwshilik sezimlerdin’ boli’wi’n qaharmanlardi’n’ boyi’na sin’irgen xan yekenliginen da’rek beredi. Da’stanni’n’ tiykarg’i’ ideyasi’ xali’qshi’lli’q ideyasi’ boli’wi’ menen birge, pu’tkil xali’qti’n’ turmi’si’, ta’g’diri ha’m basi’nan keshirgen waqi’yalari’, woni’n’ maqsetleri menen u’gitleri qaharmanni’n’ tek g’ana wo’z ma’pi ushi’n g’ana yemes, al, uli’wma watani’, yel-xalqi’ ushi’n islegen azamatli’q isleri yekenligin ji’raw sheberlik penen ji’rlaydi’.

Da’stanni’n’ qaharmanlari’ xali’q penen, yel menen birge is ali’p baradi’. Wolarg’a a’dil basshi’li’q yetip, kerek jerinde wolar menen woylasi’p, ken’esip is ali’p baradi’ ha’m wolardan ku’sh-quwat aladi’.

Soni’n’ ushi’n da xalqi’ wolarg’a isenedi ha’m wo’z bati’rlari’mi’z dep su’yenip birge boladi’. Jawi’z, basqi’nshi’ xan Taqtapolatqa qarsi’ gu’resiwde xali’q Yer Ziywar bati’rdi’n’ so’zlerinen ruwxlani’p, wog’an a’dil xan Ha’sennin’ basshi’li’g’i’nda atlani’sqa shi’g’adi’. Ha’sen xan wo’z palwani’ Aqqozi’ni’n’ ma’rtligine isenedi, dushpang’a qarap bet alsa,

[11] Қарақалпақ фольклоры ″Ер Зийўар″. IX том. qt-qy-бетлер.

Taqtapolatti’n’ Aqju’ginis degen palwani’ menen ayqassa, woni’ jen’edi dep isenedi. Biraq Aqju’ginis palwan Aqqozi’ni’n’ basi’n aladi’. Sonda Ha’sen xanni’n’ qatti’ g’a’zebi keledi ha’m Sarwashi’ bati’rdi’ qasi’na shaqi’ri’p Aqju’giniske jiberedi. Wolar ga’ shabi’si’p, ga’ ati’si’p gezek penen ati’si’p Aqju’ginistey palwanni’n’ qani’n suwday shashi’p, gellesin kesip ali’p, xang’a ali’p baradi’, Ha’sen xanni’n’ waqti’ xosh boladi’.

Mine, bul waqi’yalar arqali’ xali’qti’n’ isenimin aqlaytug’i’n, yeldi dushpanlardan qorg’aytug’i’n bati’r, ma’rt palwanlardi’n’ jen’islerin ji’raw ju’da’ sheberlik penen ji’rlaydi’.

Xali’q usi’nday bati’rlari’n jawg’a qarsi’ atlandi’ri’p, wolardi’n’ tileklerin tilep, xali’qti’n’ aldi’nda wo’zlerinin’ hesh qashan mun’aymaytug’i’nli’g’i’na isenimin joytpaytug’i’nli’g’i’n ji’raw ju’da’ jaqsi’ ko’rsetip wo’tedi.

Da’stanni’n’ basqa da’stanlardan ayi’rmashi’li’g’i’ sonda, yel biylewshi patsha xanlarda hesh waqi’tta a’dillik bolmaytug’i’nli’g’i’n Taqtapolat arqali’ ko’rsetiw menen birge a’dillikti, xali’qti’, watandi’ qorg’aytug’i’n Ha’sen xan menen woni’n’ balasi’ Ziywar obrazlari’ni’n’ beriliwi, yeldin’, xali’qti’n’ isenimin aqlaytug’i’n xali’q basshi’lari’ni’n’ bolg’anli’g’i’n ji’raw sheber si’patlaydi’. Bul xali’qti’n’ tilegi, arzi’w-a’rmani’ yekenligin, yeldi a’dillik penen basqari’w kerekligin ji’raw wo’zinshe sheberlik penen ko’rsetip beredi.

″Yer Ziywar″ da’stani’ni’n’ tiykarg’i’ ideyasi’ yel-xali’qti’n’ ti’ni’shli’g’i’n saqlaw, watandi’ jaw qoli’na bermew, tuwi’lg’an yeldin’ qa’dir-qi’mbati’na jetiw sezimlerin qaharmanlar arqali’ beriwden ibarat.

Wolarg’a qarama-qarsi’ ha’reketleri menen gu’res maydani’na shi’qqan Taqtapolatti’n’ buri’ng’i’ ata palwani’ Badduwa xanni’n’ qasi’na kelip, woni’n’ ji’lap turg’ani’n ko’rip, ashi’wi’ qi’si’p, shi’dami’ ketip xannan

juwap soraydi’. Xan quwani’p wog’an juwap beredi ha’m Aqju’ginis bati’rdi’n’ wo’shin wonnan al, baslari’na qayg’i’ sal, Sa’rwanli’ni’ wo’ltirip, wolardi’n’ baslari’na wayranshi’li’q sal-deydi, dep ji’raw da’standa wolardi’n’ jawi’zli’q niyetlerin, qatti’ qa’ha’rin ko’rsetiw menen birge, wolardi’n’ qorqaq, wo’zlerine iseniminin’ joq yekenligin bi’layi’nsha ji’rlaydi’:

″Ha’sen xanni’n’ qoli’nda,
Bir balasi’ bar yeken,
Ati’ woni’n’ ari’slani’m,
Ziywar qaysar der yeken,

Sag’an aytar na’siyat,
Sonnan bolg’i’l itiyat″.[12]

Da’standag’i’ tiykarg’i’ ideya wo’z yelin si’rtqi’ dushpanlardan qorg’aw, xali’qlar dosli’g’i’, paraxat turmi’sta jasaw joli’ndag’i’ Ha’sen xan menen balasi’ Yer Ziywardi’n’, palwanlari’ menen xalqi’ni’n’ yerlik islerinin’ bayanlawi’nan ko’rinedi. Taqtapolat yeki ret yelge basqi’nshi’li’q yetip topi’li’s jasawi’na qaramastan Xorezm xalqi’ni’n’ bati’rlari’ yelin qorg’awdag’i’ a’dil gu’reslerinin’ na’tiyjesinde qalmaq xanli’g’i’ menen Xorezm xanli’g’i’ni’n’ dosli’g’i’, miynetkesh xali’qti’n’ abadan ha’m paraxat jasawi’, yeki xali’qti’n’ arzi’w-a’rmanlari’, bir-birine tilekles, dos yekenliginin’ ayqi’n da’liyli si’pati’nda ko’rsetiledi.

Qalmaq xani’ basshi’li’q yetken xali’qti’n’ da arzi’w-a’rmanlari’ jawi’z xannan quti’li’p Xorezm xalqi’ menen birge ti’ni’sh-tati’w jasaw yekenligin ji’raw da’standa sheberlik penen ko’rsetip bere alg’an. Bunday waqi’yalardi’ da’standa ji’rawlar azli’-ko’pli shi’nli’qqa jaqi’n yetip sa’wlelendiredi.

[12] ″Ер Зийўар″ дәстаны□, IX том. wq-бет.

Sebebi, da’stanlardi’ do’retiwshiler tariyxi’y waqi’yalardi’ sol turi’si’nda wo’zgertpesten ala bermey, wo’zinshe tu’sinip, wo’z ko’zqaraslari’ tiykari’nda, so’z sheberlikleri ha’m ha’r qi’yli’ qi’zi’qli’ an’i’zlar, isnimler, tilek-a’rmanlari’n qosi’wi’ arqali’ ji’rlaydi’. Sonli’qtan da xali’qti’n’ yadi’nda usi’nday qi’zi’qli’ da’stanlar uzaq saqlani’p, ji’rawlardi’n’ wo’zine ta’n sheberlikler arqali’ xali’q bati’rlari’ni’n’ gu’resleri, wolardi’n’ jen’isleri ha’m tag’i’ basqa waqi’yalar tiykari’nda do’relgen shi’g’armalar wo’z bahali’li’g’i’n, quni’n joytpay bizin’ alti’n g’a’ziynemizden wori’n aladi’.

## 2. Da’standag’i’ qaharmanlar obrazi’na si’patlama.

″Yer Ziywar″ da’stani’ni’n’ ideyasi’, mazmuni’ woni’n’ xali’qli’q do’retpe yekenligi menen-wondag’i’ obrazlardi’n’ si’patlamalari’ arqali’ ayqi’n ko’rinedi.

″**Yer Ziywar**″ da’stanni’n’ bas qaharmani’ boli’p, woni’n’ obrazi’ da’standa tiykarg’i’ wori’nda turadi’. Wol yer ju’rek, ma’rt xalqi’n jaw qoli’na bermeytug’i’n, yelinin’ ti’ni’shli’g’i’n, tuwi’lg’an jerinin’ qa’dir-qi’mbati’na jete alatug’i’n, hesh qanday qi’yi’nshi’li’qtan qori’qpay gu’rese alatug’i’n, xalqi’na, yeline su’yenip jasaytug’i’n, wolardi’n’ isenimin aqlap, a’dillik penen wo’zine yerte alatug’i’n, kerek jerinde wo’z so’zinen qaytpaytug’i’n, xali’qti’n’ ma’pin wo’z ma’pinen joqari’ qoyatug’i’n, ata-anasi’ni’n’ abi’royi’n ko’terip ju’retug’i’n hadal perzent si’pati’nda ko’zge taslanadi’.

Wol yele jas bolsa da, yeldin’ basi’na tu’sken qayg’i’-g’amdi’ tu’sine aladi’, tuwi’lg’an yeline si’rtqi’ dushpanlardi’n’ basi’p kiriwinin’ aldi’n ali’p, ko’pshiliktin’ qasi’na kelip wo’z aqi’li’n wortag’a salg’an teren’ aqi’l iyesi boli’w menen birge ma’rt qaysar bati’r obrazi’ si’pati’nda ji’rlanadi’.

Da’standa Ha’sen xanni’n’ xalqi’ni’n’ ko’pshiligi gu’res maydani’nda ″uri’sti’ qoyayi’q″,-dep woni’ albi’rati’p turg’anda ma’rtlik penen keyinge sheginbesten qarag’ay nayzasi’n qoli’na ali’p Taqtapolatqa qarsi’ shi’g’i’p kiyati’rg’an uli’na ko’zi tu’sedi. Ji’raw Yer Ziywardi’ bi’layi’nsha ta’riypleydi:

″Qarag’ay nayza qolg’a ali’p,
Yeki beti gu’l-gu’l jani’p,
Qaysar kibi balag’a,
Womi’rawi’ yesiktey,
Turbati’ kelgen besiktey,
Jawi’ri’nlari’ qaqpaqtay,
Bilekleri toqpaqtay,
Awzi’-murni’ woymaqtay,
So’ylegen so’zi qaymaqtay,
-Joli’n’ bolg’ay jortqanda,
-Dep, aq pa’tiya beredi,
Sonda turi’p Ziywar ma’rt,
Atasi’na so’yledi:
Dushpannan qashi’p biz barda,
Ju’regime salma da’rt,
Xorezmdey jurti’n’ bar,
Atajan nege qashasan’,
Bizlerdey qaysar ma’rtin’ bar.
Bos uslasan’ qami’sti’,
Jawdan qashpaq nami’sti’,
Jawdi’n’ ku’shin ko’reyik.
Dushpanlardan qashqansha,

Jaw qoli'nda wo'leyik,

Xali'q ushi'n wo'leyik,

Ju'rekte qalmas a'rmani'".[13]

-dep bati'rdi'n' xalqi'na jan-ta'ni menen berilgenligin ha'm wo'z xalqi'ni'n' azatli'g'i', g'a'rezsizligi ushi'n ha'mme na'rsege tayar yekenligin yosh penen ji'rlaydi'.

Ziywar aqi'lli', bati'r yekenligi, minezinin' jaqsi'li'g'i'n is-ha'reketinen ko'riwimizge boladi'.

Jawdan atasi'ni'n' wo'shin ali'w ushi'n wo'z jani'n ayamastan sawash maydani'na shi'g'i'p la'shkerlerge bas boli'p, wolardi'n' menmen degen bati'rlari' menen nayzalasadi', dushpanlardi'n' wo'likleri top boli'p ayaq asti'nda qaladi', u'nleri wo'she baslaydi', kem-kemnen Taqtapolatti'n' taqati' ketip, albi'rap sasqalaqlap qaladi'. Qashqan jawlardi' quwi'p jetip Ziywar bati'r janlari'n aladi', qanlari'n suwday shashadi', dushpanlar izge qayti'p qalmaqti'n' shegarasi'nda Besmazar degen jerde wolardi' ta'slim qi'ladi'.

Xali'q Ziywar qanday awi'r qi'yi'nshi'li'q bolsa da jen'e alatug'i'ni'na, jaw qoli'nda bende boli'p ketpeytug'i'nli'g'i'na ju'da' isenedi. Xali'qti'n' isenimin wo'zinin' bati'rli'g'i', ma'rtligi menen ko'rsetti.

Ziywar tek g'ana bati'r yemes, soni'n' menen birge a'sker basi', wopadar yar, wo'z su'ygeni menen birge xali'qti'n' g'ami'n, yeldin' ti'ni'shli'g'i'n qorg'awshi', yeldin' baxti'n woylawshi' adamgershilikli hadal perzent. Soni'n' menen birge Ziywar hadal kewilli, a'dil basshi' si'pati'nda da ji'rlanadi'. Ziywarg'a Zernigar jurti'ndag'i' Aynajamal degen qi'z ashi'q boli'p qaladi'. Bul xabardi' yesitken Ziywar woni' izlep tawi'w ushi'n ko'p qi'yi'nshi'li'qlarg'a dus keledi, wog'an u'ylenip baxi'tli' turmi's keshirip ati'rg'anda woylamag'an jerden wo'z tuwi'sqani' Janay ha'm Abaxan wa'zir

[13] Сонда, wt-wy-бетлер.

molla iyshanlardi’n’ so’zlerine qarsi’ shi’g’adi’. Wol Ziywarg’a qatti’ batadi’, ashi’w qi’si’p bati’r wolarg’a qatti’ soqqi’ beredi ha’m Xorezmde pu’tkilley ti’ni’shli’q wornatadi’.

**Janay wa’zir obrazi’.**

Ha’sen xanni’n’ balasi’ Janay obrazi’nda bir qansha qarama-qarsi’li’qlardi’ ushi’rati’wg’a boladi’. Ko’pshilik da’stanlarda bati’rdi’n’ qari’ndasi’ boladi’. Bul da’standag’i’ ayi’rmashi’li’q sonda woni’n’ inisi boladi’. Da’stanni’n’ basi’nda Janay ag’asi’ Ziywar menen birge a’kesi Ha’sen xanni’n’ jen’iliwine ko’zi jetip uri’sqa aralasadi’. Ag’asi’ Ziywar menen birlikte dushpanlarg’a qarsi’ gu’res ali’p baradi’. Yeki bati’r uli’ni’n’ barli’g’i’na Ha’sen xan biraz quwanadi’ ha’m xali’qti’n’ ta’g’dirin wolarg’a tapsi’ri’p, aq pa’tiyasi’n berip ruxsat yetedi. Ziywar si’yaqli’ Janay da Taqtapolatti’n’ la’shkerlerine keledi. Bul yerliklerin ji’raw bi’layi’nsha si’patlap:

″Taqtapolat bati’rdi’n’
La’shkerine keledi,
La’shkerge basshi’ yer Janay,
Yen’iregen yer yedi,
Sansi’z la’shkerlerine,
Ma’rdanali’q beredi.
Qarag’ay nayza qolg’a ali’p,
Ari’slanday i’n’i’rani’p,
Buwi’rqani’p burjani’p,
Muzday temir qursani’p,
Tulparg’a qamshi’ basadi’,
Ko’kiregi tasadi’,

Gewirler ko’rip bati’rdi’,

Aqi’li’nan sasadi’″.[14]

-dep ji’rlaydi’. Uri’s maydani’nda hesh qanday jawdan qori’qpay ma’rtlershe gu’res ali’p bari’p wo’z yelin jawdan qorg’aydi’. Biraq, Taqtapolatti’n’ wo’liminen son’ Janaydi’ wa’zir yetip tayi’nlaydi’. Ku’nlerdin’ bir ku’ni Janaydi’ ag’asi’ Yer Ziywarg’a qarsi’ qoyadi’. Biraq, Ziywar bulardi’n’ islegen islerine qatti’ ashi’wi’ kelip, wolarg’a qatti’ soqqi’ beredi ha’m Xorezm yelinde ti’ni’shli’qti’ saqlaydi’.

**Ha’sen xan obrazi’.**

Ha’sen xan obrazi’-da’standa unamli’ si’patlari’ menen ko’zge tu’setug’i’n obraz. Sebebi, ol Xorezm yelinde Aqju’rim degen jerde xan boli’p, xali’qti’ a’dil basqari’p, yeldin’ abadanshi’li’g’i’n woylag’an a’dil basshi’ boladi’. Taqtapolat wo’z shabarmani’ Abaxandi’ jiberip, Ha’senge bar, basi’na qayg’i’-g’am sal, Xorezmdi mag’an bersin, yeger bermese wo’zinen ko’rsin, da’wletin, baxti’n, aydi’n ko’llerin, taxti’n, yeli menen xalqi’n wo’z yerki menen bermese shawi’p wo’ltiremen dep ati’r,-dep ayt, tezirek qayt dep buyri’q berdi.

Abaxan yeline qaytqannan keyin, ″Ha’sen xan aspay-saspay alpi’s yeki ha’meldar, jetpis yeki mo’hirdar, barli’q biyin ji’ynadi’, g’arri’ jani’n qi’ynadi’, wortag’a shi’g’i’p Ha’sen xan, bularg’a qarap tolg’aydi’″.[15]

Usi’ bir qatarlardan-aq Ha’sen xanni’n’ xali’q penen birge woylasi’p is tutatug’i’nli’g’i’, ha’r bir islegen is-ha’reketlerin woylap qa’dem

[14] ″Ер Зийўар″, wu-wi-бетлер.

[15] ″Ер Зийўар″, qw-бет.

basatug'i'nli'g'i', barli'q na'rseni aqi'l menen jen'etug'i'nli'g'i'n ji'raw ju'da' jaqsi' ji'rlag'an.

Bul Ha'sen xanni'n' basqa da'stanlardag'i' patsha, xanlardan ayi'rmashi'li'g'i'n ko'rsetip woti'radi'. Bunday a'dil xan basqa da'stanlarda az ushi'rasadi'.

Ha'sen xan aq ko'kirek, hadal niyetli basshi'. Wol wo'z xalqi'na shi'n berilgen xan boli'wi' menen birge yelinin' g'a'rezsizligin saqlap qali'w ushi'n wo'z jani'n, ha'tteki, yeki birdey balalari'n da uri'sqa shi'g'ari'p, xalqi'n talan-taraj yetpekshi bolg'an Taqtapolat basshi'li'q yetken qalmaq la'shkerlerine qarsi' gu'resiwge ruxsat beredi ha'm woni'n' jengen palwanlari'n wo'ltirip, Taqtapolatti'n' ku'lin ko'kke suwi'radi'. Yelde ti'ni'shli'q wornatadi', yeki xali'qti'n' dosli'g'i'n bekkemleydi. Uri'sti'n' bari'si'nda Ha'sen xanda biraz albi'raydi', sebebi Aqqozi' atli' palwani'nan ayri'ladi', sol waqi'tta biraz xalqi' uri'sti' toqtatayi'q, -dep keyin sheginedi. Biraq xannan yeki birdey uli' yeldin' ar-nami'si'n wo'z qoli'mi'zdan bergenshe, wolardi'n' qoli'nda wo'lgenimiz jaqsi' dep atasi'na ku'sh-quwat bag'i'shlaydi' ha'm qaytadan sawash maydani'nda gu'resiwge bel baylaydi'.

Uli'wma ″Yer Ziywar″ da'stani'ndag'i' Ha'sen xan obrazi' dushpanlardan wo'z yelin qorg'ay alatug'i'n, wolarg'a qarsi' gu'res ali'p bari'wda duri's basshi'li'q yete alatug'i'n, azatli'q ta'repdari', dos penen dushpandi' xali'qti'n' an'i'na sin'dirip, wolarg'a duri's jol-joba bere alatug'i'n basshi' obrazi' si'pati'nda ayri'qsha a'hmiyetke iye xan yekenligin da'standi' woqi'w bari'si'nda bilip alami'z ha'm bul qaharman obrazi'ni'n' do'retiwshi ta'repinen ayri'qsha do'retilgenligi, basqa da'stanlarda bunday ″a'dil xan″ obrazi'ni'n' ushi'raspaytug'i'nli'g'i'n ko'remiz. Bul da'stanni'n' Qurbanbay ji'raw ta'repinen ayri'qsha do'retilgenliginen derek beredi.

**Taqtapolat obrazi’.**

Taqtapolat obrazi’ da’standa Ha’sen xan obrazi’na qarama-qarsi’ jasalg’an patsha obrazi’ boli’p, wol qalmaq yeline Xorezmdi qosi’p alsam dep jaman niyetlerin iske asi’ri’w masqsetinde ti’ni’sh jasap ati’rg’an yeki yeldin’ xali’qlari’n bu’lginshilikke sali’p, qanlari’n suwday ag’i’zi’p, wo’lilerdin’ baslari’n toptay domalatqan, wo’z basi’ni’n’ qami’n woylaytug’i’n, xali’qti’ ayawsi’z qi’rg’i’ng’a ushi’ratqan jawi’z niyetli basqi’nshi’ dushpanli’q is-ha’reketlerdi isleytug’i’n qara niyet iyesi.

Ti’ni’sh, abadan turmi’sta jasap ati’rg’an Xorezm xalqi’na g’ul-g’ula sali’p, woni’ basi’p almaqshi’ boli’p, ku’sh ko’rsetip wo’zinin’ wa’ziri Abaxandi’ Ha’senge jiberip yelge zorli’q yetpekshi yekenligin bildiredi.

Uri’s maydani’nda yeki yeldin’ palwanlari’ jekpe-jek gu’reske shi’g’adi’. Ha’sen xanni’n’ palwani’ Aqqozi’ menen Taqtapolatti’n’ palwani’ Aqju’ginis sawash maydani’nda ga’ shabi’si’p, ga’ ati’si’p, ga’ nayzalasi’p, keshke shekem ayqasi’p ulli’ qi’rg’i’n boladi’. Biraq, qansha bati’rlari’, qari’w-jaraq, la’shkerleri, palwanlari’ boli’wi’na qaramastan Ha’sen xanni’n’ xalqi’nan Taqtapolatti’n’ la’shkerleri jen’ilip, qalmaqti’n’ shegarasi’nda Besmazar degen jerde ta’slim boladi’. Woni’ ko’rgen Taqtapolatti’n’ la’shkerleri jen’ilip, qalmaqti’n’ shegarasi’nda sasqalaqlap ne qi’lari’n bilmey, xalqi’na jan aybat penen aqi’ri’p, zali’mli’g’i’n asi’ri’p, azg’antay qalg’an xalqi’na qa’ha’rlerin wo’tkerip, wo’z basi’ni’n’ g’ami’n woylap bi’lay tolg’ap turadi’:

Ko’kshe tawdi’n’ qublasi’nda Bes mazar,
Bul mazarda biz wo’ltirgen bes yer bar,
Bizden kelip almaq bulardi’n’ qani’n,
Soni’n’ ushi’n wo’lmey qaytpas qaysarlar.

Yendi qashsaq wayran bolar dalami’z,

Qarap bolar Yemen qi’yal qalami’z.

Qi’zi’m jesir, jigitlerim qul boli’p,

Zar yen’irer qati’n menen balami’z.″[16]

-dep xalqi’na qarap zar-en’irep turadi’, xalqi’na Ziywar menen Janaydi’ wo’ltirmesek hali’n’i’z ne keshedi, deydi.

Biraq, buni’ yesitken Xorezm xalqi’ Ha’sennin’ qatti’ ashi’wi’ kelip, qi’zi’p yeki birdey balasi’n shaqi’ri’p bolg’an waqi’yani’ birim-birim bayan yetip, ja’ne jawdi’n’ shapqani’n xabarlaydi’. Wolar wo’lmey yeldi jawg’a bermeymiz, a’jel kelse alladan Xorezmdey yel ushi’n sheyit wo’lip ketermiz dep, biri bas, biri qosshi’ boli’p, ata-balalar xalqi’na qalqan boli’p, wolarg’a qarsi’ gu’reske atlanadi’. Taqtapolat bulardi’n’ bet ali’si’ni’n’ jaman yekenin sezip, wo’zinin’ qi’zi’ Aqtamaqqa bolg’an waqi’yani’ birme-bir ayti’p beredi. Bul xabardi’ yesitken Aqtamaq qatti’ i’zasi’ kelip wolarg’a qarsi’ shi’g’adi’.

″Yer Ziywar″ da’stani’ndag’i’ Taqtapolat obrazi’ yeldi basi’p ali’w, zuli’mli’q isleri menen shug’i’llani’wshi’ yekenligin ji’raw sheberlik penen su’wretlep bergen. Xanni’n’ si’rtqi’ ko’rinisinen-aq woni’n’ zali’m yekenligi ko’z aldi’mi’zg’a keledi. Taqtapolatti’n’ si’rtqi’ ko’rinisin ayta kelip, qasi’nda ha’meldarlari’, dar, zindan pashshaplari’ bar dep si’patlaydi’.

″ Won’ jag’i’nda bes pashshap,

Sol jag’i’nda bes pashshap,

Xan aldi’nda turadi’,

Aybaltasi’ da’stinde.″[17]

---

[16] ″Ер Зийўар″ дәстаны, IX том. ew-бет.

[17] ″Ер Зийўар″ дәстаны, IX том. quo-бет.

-dep Qurbanbay ji’raw Taqtapolatti’n’ si’rtqi’ ko’rinisinin’ de jag’i’msi’z yekenligin ayti’p wo’tedi. Ji’raw ha’r bir obrazdi’ wo’zinshe jan’ali’q penen is-ha’reketlerine ta’n bolg’an si’patli’q belgilerin ayri’qsha do’retken.

## Abaxan obrazi’.

″Yer Ziywar″ da’stani’ndag’i’ Abaxan obrazi’ da biraz qarama-qarsi’li’qlarg’a iye, wonda xanni’n’ aqi’lli’ wa’ziri si’pati’ndag’i’ belgilerdi ko’riw menen birge, biylik ushi’n talasi’wshi’ yekenligin de sezesen’. Taqtapolat patshani’n’ yen’ jaqsi’ ko’retug’i’n ha’miresi Abaxan degen wa’zir boladi’. Woni’ patsha yen’ isenimli dos si’pati’nda jaqsi’ ko’redi ha’m Ha’senge jiberedi. Ji’raw Abaxandi’ til alg’i’sh, is buyi’rsa, kewlindegidey yetip wori’nlaytug’i’n isker wa’zir si’pati’nda ko’rsetip beredi.

″Abaxan turi’p worni’nan,
Tulparg’a yerin saladi’,
Maqpal menen terliklep,
Gu’dari’ ayi’l shaladi’.
Aq nayza qolg’a aladi’.

Ji’raw Abaxan wa’zirdin’ Aqtanger degen ati’ni’n’ barli’g’i’n, woni’n’ qi’ri’q jigiti qasi’nda yekenligin ko’rkem tu’rde ji’rlaydi’.

Abaxan wo’zi ma’rt ha’m shaqqan wa’zir boli’w menen birge so’zin tawi’p so’yleytug’i’n sheshen jigit yedi. Wol Ha’sen xanni’n’ aldi’na bari’p, wo’zinin’ kim yekenligin bi’layi’nsha tani’sti’radi’:

″Men Abaxan saltanatli’ to’remen,
At quyri’g’i’n na’dirshaday wo’remen,
Jayli’ yeken Taqtapolat xani’mi’z,

Ha’sen xan bes ku’n ma’wlet beremen[18]

Besmazarg’a shekem Ha’sen xanni’n’ la’shkerleri Taqtapolatti’n’ la’shkerlerin quwi’p kelgende Abaxan Ziywar menen Janaydi’n’ aybati’nan qorqi’p, atqa qamshi’ basi’p, xalqi’n taslap, yari’m aqsham waqi’tta yeline jetip Taqtapolatti’n’ jalg’i’z qi’zi’na hal-jag’dayi’n ayti’p ja’rdem soraydi’.

Arsari’ menen Abaxan woylasi’p Taqtapolatti’n’ Ha’sen xang’a uslap bereyik, Ha’sen xan ne dese biz izine yereyik deydi. Abaxan woni’ maqullap, Taqtapolat bizge xan bolg’anli’, yelimiz ti’ni’sh jasamadi’, nog’ayli’lardi’ bu’ldirdi. Bul isin qoymasa alpi’s pud ati’w menen uri’p uri’p wo’ltirip taslayi’q dep qa’ha’rlenedi.

Abaxan biylerdi ji’ynap, ruxsatsi’z Taqtapolatqa keledi. Wog’an xanni’n’ g’a’zzebi keledi.

Sonda Abaxan:

Woylanbasan’ aqi’r wayran bolarsan’,
Ziywar kelip qi’zi’l gu’ldey solarsan’,
Abaxanni’n’ aytqani’ i’ras yeken dep,
Sol waqti’nda man’layi’n’a urarsan’″.[19]

-dep Taqtapolatqa qarsi’ shi’g’i’p Ha’sen xang’a sati’li’p, Abaxan xan boladi’, Janay wa’ziri boladi’. Biraq, ku’nlerden bir ku’ni molla-iyshanlardi’n’ so’zine yerip, Ziywarg’a qarsi’ shi’g’adi’ ha’m wonnan qatti’ soqqi’ jeydi.

Uli’wma alg’anda ″Yer Ziywar″ da’stani’ndag’i’ Abaxan wa’zirdin’ is-ha’reketleri yeki ju’zli, wo’z basi’ni’n’ g’ami’n woylaytug’i’n, qaysi’ ta’rep basi’mlaw bolsa, sol ta’reptin’ satqi’ni’ si’pati’ndag’i’ is-ha’reketleri, woni’n’ jaqsi’ minez-quli’qlari’n da ju’zege shi’g’armaydi’.

---

[18] Сонда, qq-бет.

[19] ″Ер Зийўар″ дәстаны, IX том. uu-ui-бетлер.

## Aynajamal obrazi’.

″Yer Ziywar″ da’stani’nda da basqa qaraqalpaq da’stani’ si’yaqli’ bati’rdi’n’ su’ygen yari’ menen ushi’rasi’wi’ tosattan bolmaydi’. Ku’nlerden bir ku’ni bir qa’lender kelip Zernigar jurti’nda Aynajamal degen qi’zdi’n’ xabari’n Ziywarg’a ayti’p ju’regine g’ul-g’ula sali’p ketedi. Ziywar jatsa da, tursa da usi’ periyzatti’ woylap uyqi’si’ kelmeydi. Ziywardi’n’ qi’ri’q jigiti menen qulan awlawg’a ketken joli’n tosi’p, qa’lendi ja’ne Aynajamaldi’n’ suli’wli’g’i’n ayti’p Ziywardi’ ja’ne ta’riyipleydi.

Bul xabardi’ yesitip Ziywar yesinen ayri’ladi’. Anasi’ Aqjulqun menen atasi’ Ha’sen xan balansi’n ko’rip qorqi’p ketedi. Ziywar zorg’a wo’zine keledi. Biraq bolg’an jag’daydi’ qa’lender ata-anasi’na ayti’p ketedi.

Wol qi’zdi’n’ ma’nisia **Go’hibuli’r** degen jerde dep aytadi’. Wol jerge barg’an adam baylani’p qaladi’, wol jerde tek duwaxanlar bari’wi’ mu’mkin, deydi de qa’lender ko’zden g’ayi’p boladi’ Ziywar sol jerge bari’wg’a wo’zi bel baylaydi’ ha’m «qi’ri’q bulaq» degen jerge jetip keledi. Sol jerde bir kempirge dus kelipti Wol aybat shegip ne qi’li’p ju’rgenin soraydi’. Ziywar birim-birim kelgen maqsetin aytadi’. Sonda kempir ha’mme jerdi asti’n-u’stin yetip ji’lti’rati’p jiberedi. Ziywar ko’k tulpari’na waqi’yani’ bayan yetip tezirek ketip quti’li’wi’n woylaydi’. Tawdi’n’ basi’nda tulparg’a qanaat pitedi, Ziywardi’ kiyikke aylandi’ri’p tasladi’. Wol qatti’ qapa boli’p tulpardi’n’ izine yere beredi. Bir bag’qa kiredi. Bul xabardi’ Qanshayi’mg’a jetkeredi. Suw si’ng’a kiyikti soyi’p ka’bap yetip beriwin aytadi’. Qi’ri’q qi’z bul kiyikti quwadi’. Sol suwsi’n bul kiyiktin’ adamg’a megzes yekenligin sezedi. Qanshayi’mg’a bul jag’daydi’ aytadi’.

Sizler woni’ si’nap, awqat penen to’sek sali’n’ qaysi’si’na bari’p jatsa woni’n’ kim yekenligin ani’qlaymi’z deydi. Solay yetip Qanshayi’m duwasi’n woqi’p bir qi’si’m topi’raqti’ ali’p kiyiktin’ man’layi’na shashadi’.

Wol du’r-du’r silkinip, adam qa’lpine keledi. Za’wriya ashi’q boli’p qaladi’ wolarg’a Womanshani’n’ qi’zi’ Aynajamaldi’ izlep kelgenin aytadi’. Za’wriya bul xabardi’ yesitip Ziywarg’a ja’rdem beredi. G’ari’na, minarday aydarxani’ wo’ltirip kelse **Murg’i’zardi’n’** ko’redi. Topi’raqqa dem sali’p woni’ da wo’ltirip perilerden ushi’p wo’tip Ayjamalg’a jetedi. Ju’zigin almasti’ri’p qoli’na saladi’. Xat jazi’p taslap ketedi. Ayjamal bunnan xabar tawi’p Ziywardi’ aldi’radi’. Salamandun jawi’z Aynajamaldi’n’ qoli’ndag’i’ ju’zigine asi’ladi’. Wolar Xorezm yelin dushpanlardan qutqari’p yeline ti’ni’shli’q wornatadi’.

Da’standa Za’uriya obrazi’ da unamli’ ta’repler menen woqi’wshi’ni’ wo’zine tartadi’. Ziywardi’n’ Aynajamalg’a yerisiwinde Za’wriyani’n ka’ramatli’ duwalari’ ju’da’ jaqsi’ paydasi’n tiygizedi.

Janaydi’n’ u’yleniwi qi’z jen’gelerinin’ Zulfiya menen Gu’limnin’ Aqtamaqti’ uzati’p keliwi, wolarg’a islegen jaqsi’li’qlari’ da’standa obrazlardi’n’ jasali’wi’nda u’lken a’hmiyetke iye.

Bunday obrazlarodi’ do’retiwde Qurbanbay ji’rawdi’n’ ayri’qsha sheberligi bilinip turadi’.

«Yer Ziywar» da’stani’ni’n ko’rkemlik wo’zgesheligi «Yer Ziywar» da’stani’ni’n’ kompozitsiyasi’ sheberlik penen jasalg’an. Da’stanni’n’ ayi’ri’m bo’limleri, waqi’yalar epizodlar bir-biri menen jaqsi’ baylani’sqan.

Da’standag’i’ su’wretlengen waqi’yalardi’n’ mazmuni’ tematikasi’ jag’i’nan bir neshe tu’rlerge bo’linedi.

Ha’sen xanni’n’ Taqtapolat penen uri’si’wi’ Ziywar menen Aqsari’ni’n’ ha’reketleri, qa’lenderdin’ Ziywar menen ushi’rasi’wi’, Za’wriya menen Ziywardi’n’ dosli’g’i’, Aynajamaldi’n’ xabari’ Ziywarg’a keliwi, Janaydi’n’ Aktamaqqa qosi’li’wi’, Janay menen Abaqanni’n’ Ziywarg’a atlani’sqa shi’g’i’wi’ Ziywardi’n’ Xorezm yelinde ti’ni’shli’q wornati’wg’a h.t.b

waqi'yalardi'n' beriliwi da'stanni'n' negizgi waqi'yalari'nan boli'p yesaplanadi'. Da'standag'i' tiykarg'i' waqi'ya.

### 2.2. «Yer Ziywar» da'stani'nda obrazlar

Biz pitkeriw qa'niygelik jumi'si'mi'zdi'n' bul bo'liminde qaraqalpaq qaharmanli'q da'stani' bolg'an «Yer Ziywar» da'stani'ni'n' barli'q qatnasi'wshi'lari'ni'n' obrazi'n qi'sqasha ko'rsetip wo'tpekshimiz.

Bul da'standi' ji'rlawda Qurbanbay ji'raw tekstti ku'ta' rawajlandi'rg'an. Bul da'stanni'n' tili boyi'nsha biz joqari'dag'i' bo'limlerde ayti'p wo'ttik. Al, yendi bul bo'limde da'standag'i' qaharmanlarg'a, barli'q da'stan qatnasi'wshi'lari'na, Qurbanbay ji'rawdi'n' sheber obraz jaratqani'n ko'rsetemiz. Soni' da ayti'p wo'tiw kerek, barli'q qaharmanli'q da'stanlardi'n' tili «Yer Ziywar» da'stani'nday bay yemes. Sebebi, «Yer Ziywar» da'stani'nda obraz jarati'wda ko'rkem su'wretlew qurallari' ku'ta' wo'nimli qollang'an.

Da'standa obraz jarati'wda sheber usi'l qollani'lg'ani', ji'rawdi'n' improvizitorli'q sheberligine baylani'sli'. Solay yetip, ha'zir biz to'mendegishe obraz jarati'w usi'llari'n ko'rsetemiz:

Da'stan baslang'an wag'i'nda Xorezm yelinde bolg'an waqi'yalardi', nog'ayli'lardi'n' Xorezm yelinde patshali'q yetken da'wiri su'wretlenedi. Bul da'standa barli'q qaharmanlar, da'stan qatnasi'wshi'lar, geografiyali'q jerlerdin' atlari', ta'biyat ko'rinisleri mingen atlardi'n' atlari', qural-saymanlardi'n' atlari' ha'm tag'i' basqa su'wretlewler tu'rkiy atlar menen berilgen. Tariyxi'y dereklerge su'yensek, bul waqi'yani'n' Xorezm yelinde bolg'anli'g'i' ani'q. Sebebi, Xorezm yelin V-VI a'sirlerde tu'rkiy basi'p alg'anli'g'i', son' ko'p waqi'tlar Alti'n Worda ma'mleketine qarag'an.

Tariyxi’y dereklerden belgili, Alti’n Worda ma’mleketinde de patshali’qti’ tu’rkiy xali’qlar basqarg’an. Soni’n’ ushi’n da Xorezm menen Alti’n Worda bir-biri menen ti’g’i’z baylani’sta bolg’an. Mine waqi’yani’n’ Xorezm yelinde bolg’anli’g’i’ni’n’ sebebi usi’nda.

**Ha’sen xan obrazi’**: Ha’sen xan Xorezm yelinde patsha boladi’. Shi’g’i’si’ nog’ayli’. Da’standa Ha’sen xan a’dil patsha, jawi’nger, ma’rt obrazi’nda su’wretlenedi. Woni’n’ u’stine, yag’ni’ yelin basi’p ali’wg’a qalmaqlar ko’p sanli’ a’sker menen kelip turg’ani’nda, Ha’sen xan menen so’ylesiwler ju’rgizip, yelin’di uri’spay, xan to’gispey qalmaqlarg’a tapsi’rasan’ –dep qorqi’tqani’nda, Ha’sen xan a’skerleri az boli’wi’na qaramastan, qori’qpay uri’sqa atlanadi’.

Jar uradi’ qalag’a,
Qayg’i’ tu’sti sol waqta,
Qati’n menen balag’a,
G’uri’ji’ bar bati’rlar,
Atlandi’ shi’g’i’p dalag’a,
Ha’sen xanni’n’ la’shkeri,
Ji’yi’ladi’ qalag’a,
G’amg’a kewlin tolti’rdi’,
Aqsha ju’zin soldi’rdi’,
Ji’ynap yelden jigitti,
La’shkerlerdin’ sanlari’n,
Won bir mi’n’g’a tolti’rdi’,
Bati’r tuwg’an Ha’sen xan,
Aq tuwdi’ qolg’a aladi’,
-Atlani’n’ jawdi’n’ u’stine,
-dep xali’qqa jar saladi’,

-Xalayi’q, jawi’m ulg’aydi’,

Atlanbasan’ bolmaydi’,

Ya ali’n’, ya wo’lin’ –dep

Xalqi’na qaray tolg’aydi’. –

Atlani’n’ jawg’a ma’rtlerim,

Soldi’ri’n’ jawdi’n’ gu’llerin,

Quwi’p shanshi’p dushpandi’,

Tarqati’n’ kewil sherlerin.

Ju’regi wottay janadi’,

Keyin quwsan’ dushpandi’,

Patshani’n’ kewli toladi’.

Wo’lsen’ sheyit bolasan’,

Wo’ltirgen qazi’ boladi’.

Bul so’zdi ayti’p Ha’sen xan,

Bekleri menen qosi’ldi’,

Ti’n’lap turg’an so’zlerin,

Ma’rtlerdin’ kewli yoshadi’,

At woynati’p Ha’sen xan,

Nayza aldi’ da’stine,

Qara qur boli’p la’shkeri,

At qoydi’ jawdi’n’ u’stine,

Bati’r tuwg’an Ha’sen xan.

Da’stanni’n’ bul qatarlari’nda Ha’sen xanni’n’ ma’rtlik, jawi’nger, bati’r obrazi’ su’wretlengen. Da’stanni’n’ baslani’wi’nda Ha’sen xan biyleri menen uri’s u’stinde woylasi’p woti’rg’ani’nda, Ha’sen xanni’n’ **Sarim biy** degen aqi’lgo’yi, yeldi qalmaqlarg’a uri’ssi’z bereyik, wolardi’n’ la’shkerleri ko’p, -

dep ati’rg’ani’nda, Ha’sen xanni’n’ yeki mektep jasi’ndag’i’ Yer Ziywar menen Yer Janay degen ballari’ bul so’zdi yesitip, ma’sla’ha’tlesip woti’rg’ani’nda, biylerdin’ u’stine ashi’w menen kirip baradi’. Da’stanni’n’ bul jerinde **Yer Ziywardi’n’ obrazi’** ko’rsetiledi.

-Ji’ynali’sqan adamlar,
Arzi’mdi’ yesit ag’alar,
Kelgen jaw menen uri’spay,
Xali’qti’ bersek dushpang’a,
Bolmay ma bizge nami’s-ar,
Jurti’n’di’ alsa zali’m xan,
Yel-xalqi’n’di’ shuwlati’p,
Basi’n’a salar qayg’i’-zar,
Yelin’di bersen’ yen’iretip,
Bolmas pa yeken nami’s-ar
Bizler menen woqi’sqan.
Won mi’n’dayi’n bala bar.
Yeli-xalqi’n’ tag’i’ bar,
Woti’z mi’n’day la’shker bar,
Qari’w jaraq tag’i’ bar,
Awi’r toplar bizde bar,
Bizge kelgen dushpanni’n’,
Ju’rip woni’n’ aldi’nda,
At qoyami’z ba’rimiz,
Uri’stag’i’ jaw menen,
Qori’qsan’i’z juwap bere-ber,
Dushpan menen uri’si’p,
Nar buwraday ali’si’p,

Qaytpay nayza sali'si'p,

Qi'zi'l xang'a qari'si'p,

Mine, bul qatarlarda Yer Ziywardi'n' ma'rt yekenin, a'kesi ha'm xali'q sol waqi'tta biledi. Yer Ziywardi'n' ga'plerinen biylerdin', a'kesinin' ruwxi' ko'terilip ketip, uri'si'wg'a qarar yetedi.

Ziywardi'n' ma'rtlik so'zlerin,

Xalayi'q ti'n'lap turadi',

Ju'rekleri sha'wkildep,

Ba'ri hallas uradi'.

Ziywar atli' uli'ni'n',

Yer yekenin biledi.

Bul qatarlarda  Ziywardi'n' mektep jasi'na boli'wi'na qaramastan yer yekenin ko'rsetiledi. A'dette, barli'q qaharmanli'q da'stanlari'nda bati'rlar jas wag'i'nan bati'r boli'p giperbolali'q usi'l menen ko'rsetiledi.

**Taqtapolat xan obrazi'**: **-**Da'standa Taqtapolat xan obrazi' unamsi'z yetip ko'rsetiledi. Taqtapolat xan –shi'g'i'si' qalmaq. Bizde a'dette ji'rawlari'mi'z dushpan ta'repti yaki unamsi'z obrazdi' qalmaq dep ko'rsetedi. Sebebi, tariyxi'y dereklerde qaraqalpaqlar yag'ni'y XVI a'sirde qalmaqlardan ku'shli da'kki jeydi, wolardan qi'ri'li'p qaladi'. Soni'n' ushi'nda ji'rawlar da'standa ji'rlag'anda xali'q ti'n'law ushi'n, wolarg'a dushpan ta'rep unaw ushi'n, wolardi'n' yadi'nda qalg'an qalmaq obrazi'n qollanadi'. Al, da'standa haqi'yqi'y dushpanni'n' shi'g'i'si' umi'ti'li'p ketedi.

Taqtapolat xan obrazi' zali'm xan yetip su'wretlenedi. Ti'ni'sh jasap ati'rg'an Xorezm yeline basti'ri'p keledi.

**Abaxan obrazi’**: -Da’standa Taqtapolat xanni’n’ ha’miresi Abaxan wa’zir unamsi’z obrazda su’wretlenedi. Sebebi wol ti’ni’sh jasap ati’rg’an xali’qti’n’ u’stine basi’p ali’w ushi’n baradi’. Bari’p Taqtapolatxandi’, -bizde a’sker ko’p, yelin’izdi qan to’kpey beresen’, bermesen’ barli’q balashag’ani’, yelin’di qi’ri’p taslayman, dep qorqi’tadi’:

-Men Abaxan saltanatli’ to’remen,
At quyri’g’i’n na’dirshaday wo’remen,
Jayli’ yeken Taqtapolat xani’mi’z,
Ha’sen xan bes ku’n ma’wlet beremen

La’shkerin’di ji’yna, xalqi’n’a ur jar,
Bizin’ menen sawash ashsan’ gelleg’ar,
Sawashlasasan’ ya jurti’n’di’ beresen’,
Baslari’n’a men salarman qayg’i’-zar.

**Uri’s ko’rinisi**: -Da’stanni’n’ uri’s ko’rinisinde Ha’sen xanni’n’ bati’rlari’, **Yer Ziywar, Yer Janay, Aqqozi’, Sa’rwanli’** bati’rlar obrazlari’ su’wretlenedi, wol Taqtapolat xan ta’repten Aqju’ginis, Baysal bati’rlar obrazi’ su’wretlenedi. Uri’sti’n’ baslani’wi’, qag’i’ydasi’, hiylekerlik jollari’, reyimsizlik obrazlari’ N.A.Kunni’n’ «Grek miflerine» syujetlik jaqtan birdey boli’p keledi. Mi’sali’, Sa’rwanli’ bati’r ku’shli mergen, woni’n’ ag’a bati’ri’ Aqqozi’ jekpe-jekte reyimsiz Aqju’ginisten jen’ilip qaladi’. Reyimsiz Aqju’ginis –Axilles obrazi’na uqsaydi’, Aqqozi’ –Gektor obrazi’nda, Sarwanli’-Paris obrazi’nda h.t.basqa obrazlar grek mifindegi syujetke qusaydi’. Bul da’stanni’n’ syujetlik uqsasli’g’anda qanday da bir tipologiyali’q baylani’s bolg’an.

Bull uri’s ko’rinisinde, uri’sti’n’ baslani’wi’nda –uri’s qag’i’ydasi’ grek mifindegi uri’s qag’i’ydasi’nday boli’p baslanadi’. Ha’sen xan ta’repten Aqqozi’ bati’r jekpe-jekke Taqtapolat ta’repindegi Aqju’ginis penen uri’sadi’. Aqju’ginisti ji’raw reyimsiz Aqju’ginis dep epitetlik ko’rkem su’wretlew qurali’ menen ko’rsetedi.

Bull jerde Aqju’ginis grek mifindegi Axilles obrazi’na uqsaydi’. Grek mifinde N.A.Kun da Axilleske reyimsiz degen epitet penen ko’rsetedi. Grek mifinde Axil Gektordi’ uri’s baslanbastan buri’n jekpe-jek gu’reste Gektordi’ wo’ltiredi. Gektordi’n’ inisi mergen Paris woqjay menen Axildi ati’p wo’ltiredi. Al Paris Menelay menen jekpe-jek uri’sta jen’ilip wo’liyin dep ati’rg’an waqti’nda ku’ndi qara tu’nek basi’p ketedi. Sol waqi’tta shawqi’m baslani’p, yeki ta’reptin’ a’skerleri uri’sti’ baslap jiberedi. Al, «Yer Ziywar» da’stani’nda Aqqozi’ reyimsiz Aqju’ginistin’ qoli’nda jan tapsi’radi’. Buni’n’ wo’shin Ha’sen xan ta’repinen Sa’rwanli’ mergen Aqju’ginisti ati’p wo’ltiredi. Taqtapolat ta’repten Baysal bati’r shi’g’i’p Sa’rwanli’ mergen menen gu’resip jen’edi. Sa’rwanli’ni’n’ jani’ shi’g’ayi’n dep ati’rg’an waqti’nda Ha’sen xan bati’r uri’s qag’i’ydasi’n buzi’p Sa’rwanli’ni’ aman ali’p qali’w maqsetinde uri’s qag’i’ydasi’n buzadi’.

Sol waqi’tta Aqqozi’
Qalqani’n tuti’p aldi’na,
Dushpanni’n’ kewlin tolti’radi’,
Aldi’na tutqan qalqani’,
Jaw nayzasi’n si’ndi’rdi’.
Aqqozi’ keyin shegindi,
Dushpang’a nayza saladi’,
Aqju’ginis bati’r dep yedi,
Aqqozi’ni’n’ nayzasi’n,

Qoli’nan juli’p aladi’
Nayzasi’ qoldan ketken son’,
Qa’ha’rlenip Aqqozi’.
Qoli’na ali’p qi’li’shi’n,
Aqju’giniske uradi’.
Qi’li’shi’ tiyip sawi’tqa,
Shorta si’ni’p qaladi’.
Ari’slan tuwg’an Aqqozi’.
Qi’li’shtan ju’da’ boladi’,
Jaraqsi’z jigit qalg’an son’,
Dushpang’a qarsi’ baradi’,
Aqju’ginis bati’rdi’n’,
Jag’asi’nan aladi’.
Xorezmli Aqqozi’,
At u’stinen ali’sti’,
Jag’ag’a qollar sali’sti’,
Qoldan bermek abi’raydi’,
Ma’rt jigitke nami’sti’.

Bul qatarlarda syujetlik ko’rinis grek mifindegi troya uri’si’ndag’i’ syujetlik ko’riniske uqsaydi’ joqari’da ko’rsetkenimizdey Aqqozi’ bati’r ma’rtlershe jekpe-jekke ati’ shi’qqan reyimsiz Aqju’giniske qoli’nan kelgeninshe gu’res ali’p baradi’. Gu’res maydani’nda Aqqozi’ni’n’ qi’li’shi’ si’ni’p qali’p jen’iliwi turg’an ga’p yedi. Reyimsiz Aqju’ginis bug’an qaramastan quralsi’z Aqqozi’ni’ jawi’zlarsha alqi’mi’nan qarqi’rati’p shaladi’, basi’n kesip aladi’, nayzag’a basi’n ildirip nar tekedey mayi’si’p xan aldi’na keledi, aq nayzasi’n qolg’a ali’p nayzani’n’ basi’na Aqju’ginistin’

basi’n ildirip maydang’a qaray jollandi’. Qarsi’ qarap xalki’na bati’ri’n’ bolsa jekpe-jek jiberip qi’zi’g’i’n ko’rip-aq.

Bul qatarlarda ji’raw Aqju’ginistin’ obrazi’n Axildin’ obrazi’ menen ten’dey su’wretlegen. Troya uri’si’nda Axilda Gektordi’n’ denesin at penen su’yrep xalqi’na wo’zinin’ reyimsizligin ko’rsetedi. Wog’an shi’damag’an Mergen Paris Axilldi woq jay menen ati’p wo’ltiredi, al «Yer Ziywar da’stani’nda» Aqju’ginisten wo’sh ali’w ushi’n Sa’rwanli’ mergen go’zelep Aqju’ginisti qaq man’layi’na ati’p wo’ltiredi.

Sol waqi’tta Sa’rwanli’,
Aldi’na qalqan tutadi’,
Aqju’ginis atqan woq,
Aspang’a qan’g’i’p ketedi.
Jeti qabat qara tasti’,
Sharq u’yirip wo’tedi,
Segizinshi qabati’,
Ma’rwer tasqa jetedi,
Ashi’wlani’p Aqju’ginis,
Tag’i’ woqti’ aladi’,
Sari’ jayg’a saladi’,
Sa’rwanli’ni’ da’l ko’zlep,
Tolg’ap tarti’p qaladi’.
Qarsi’ turg’an Sa’rwanli’,
Jalt beredi wog’i’na,
Wog’i’ tiymey ketedi,
Si’rtta turg’an la’shkerdi,
Tek jarali’ yetedi.
Quramsaqqa saladi’,

Ja’ne bir woq aladi’,
U’sh ma’rtebe atsa da
Wog’i’ tiymey qaladi’.
Aqju’ginistey bati’rdan,
Ati’spaq na’wbet wo’tedi,
Sa’rwanli’day bati’rg’a,
Yendi na’wbet jetedi,
Sa’rwanli’ jawg’a saylandi’,
Quramsaqqa qol sali’p,
Surjayi’l degen woq aldi’,
Sari’ jayg’a qi’sti’ri’p,
Qos ju’rekti barladi’.
Giresti qatti’ tartqanda,
Wog’i’ ketti ati’li’p,
Sa’rwanli’ atqan sari’ jay,
Aqju’ginistey ari’slanni’n’,
Tumsi’g’i’nan wo’tedi.

Uri’sti’n’ dawami’nda jekpe jek gu’reske Taqtapolat ta’repten Baysal Sa’rwanli’g’a jekpe-jekke shi’g’adi’. Sa’rwanli’ bati’r jekpe-jek gu’reste Baysaldan jen’iledi. Yeki bati’r ali’sti’ aqi’ri’ jang’a sali’sti’, Sa’rwanli’ haqqa jalbari’p pirlerge yetti nali’sti’, Sa’rwanli’ni’n’ belinen Baysal qatti’ qi’sadi’, bir qi’si’wg’a shi’damay ju’regi awzi’na ti’g’i’ldi’. Sa’rwanli’day bati’rdi’n’ awzi’nan qan ketkende, shi’day almay Ha’sen xan qoli’na nayza aladi’.

Nayzalasi’p yeki xan,
Birazdi’n’ sori’n qaynatti’,

Yeki jaqti'n' la'shkeri,
Nayzalasi'p, qi'li'shlasti',
Taqtapolat, Ha'sen xan,
Maydanda yetti sawashti'.
Sa'rwanli' menen Baysali'n',
Ayqasa almay jazi'lsi'p,
Qaldi' topti'n' asti'nda,
Taqtapolat zali'm xan,
Qoli'na ali'p qi'li'shi'n,
Sali'p ketti bir zamat,
Sa'rwanli'ni'n' basi'na.
Almas qi'li'sh irkilmey,
Suwday kesip wo'tedi,
Sa'rwanli'day ma'rt jani',
Ja'ha'nnemge ketedi.
Buni' ko'rip Ha'sen xan,
Shi'damadi' ku'shine,
Qa'ha'ri qatti' keledi,
Qi'naptan qi'li'sh aladi',
Baysaldi'n' bari'p jani'na,
Ku'sh penen qi'li'tssh saladi',
Toptay qag'i'p gellesin,
Ta'nnen ju'da' qi'ladi'.
Taqtapolat patshani'n',
La'shkerleri ko'p yedi,
Xorezmli Ha'sen xan,
Da'l wortada qaladi'.

Lalawlasi’p dushpanlar,

Tum-tustan qorshap aladi’.

Mine usi’ni’n’ menen biz «Yer Ziywar» da’stani’ndag’i’ uri’s ko’rinisin, wondag’i’ qaharmanlardi’n’ obrazlari’n grek mifindegi troya uri’si’ndag’i’ uri’s ko’rinisine, sali’sti’ri’p wondag’i’ syujetlik ha’m qaharman obrazlari’ni’n’ uqsasli’gi’n ani’qladi’q. Bunday uqsaslarda a’debiyattani’w iliminde tipologiyali’q baylani’slar dep ataydi’.

**Ziywar menen Yerjanay obrazi’**:

Ziywar menen Yer Janay,
Tulparg’a qamshi’ uradi’,
Yeki birdey bati’rdi’n’,
Kelbetine qarasan’,
Kimnin’ de ko’zi toyadi’,
Taqtapolat bulardi’n’,
Aybati’nan seskenip,
Ju’regi suwlap baradi’.
Ma’rtler sawi’p kiyedi,
Qalti’ratpa tiyedi,
Sol waqlari’ bolg’anda,
Xorezmnin’ la’shkeri,
Yeki jaqqa bo’lindi.
Ga’wirlerdin’ qori’qqani’,
Bati’rg’a ani’q bilindi.
Tilladan dabi’l qag’i’ldi’.
Sawashqa sap tarti’ladi’.
Ziywar menen Yer Janay,

La’shkerlerge bas boli’p,
Dushpang’a woqlar atadi’,
Jawlardi’n’ u’nin wo’shirdi,
Quwi’p kelgen ga’wirlerge,
A’jel mayi’n ishtirdi.

# J U W M A Q.

Qaraqalpaq da’stanlari’ bir neshe a’sirler wo’mir su’riwi na’tiyjesinde ko’p g’ana ji’rawlardi’n’, ko’p waqi’yalardi’n’, atqari’wshi’lardi’n’, da’wirlerdin’, sol da’wirlerdegi ti’n’lawshi’lardan bizge jetip kelgen alti’n miryas boli’p uzaq da’wirler dawami’nda bolg’an waqi’yalardi’ syujet quraw, obraz do’retiw, su’wretlew qurallari’nan paydalani’w qusag’an da’stu’riy si’patlawlardi’ ji’rawdi’n’ jeke wo’zgesheligine baylani’sli’ u’yrenemiz.

Biz bul jumi’si’mi’zda qaharmanli’q da’stanlardi’n’ biri bolg’an ″Yer Ziywar″ da’stani’ni’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligine di’qqat awdardi’q. Kirisiw bo’liminde da’stanni’n’ ji’ynali’wi’, izertleniwi haqqi’nda so’z yetiw menen birge I babi’nda дәстанның көркем өзгешелиги, II бабында ideyali’q bag’i’ti’ ha’m obrazlardi’n’ jasali’w wo’zgesheliklerine, sonday-aq da’standag’i’ tiykarg’i’ ideya bolg’an watandi’ qorg’aw, yel-xali’qti’ si’rtqi’ dushpanlardan azat yetip, g’a’rezsizlikti wornati’w ideyalari’na, ha’m de da’standag’i’ obrazlardi’n’ xan, patsha, wa’zir, ata-bala, bati’r obrazlari’, sonday-aq palwan, molla, duwaxan, dosli’qti’ qorg’awshi’ qaharmanlar ha’m toli’p ati’rg’an personajlardi’n’ is-ha’reketlerine birim-birim toqtap wo’ttik.

″Yer Ziywar″ da’stani’ wo’zinin’ joqari’ ideyali’q ha’m ko’rkemlik sapasi’ menen, wo’zinin’ ku’shli xali’qshi’lli’g’i’ ha’m de bati’rlardi’n’ ma’rtligi, dosli’g’i’ jag’i’nan ayri’qsha a’hmiyetke iye. Da’stanni’n’ basqa da’stanlardan bir qansha wo’zgeshelikleri bar. Wonda ata-balani’n’ jawg’a qarsi’ gu’resiwi, ag’a-ininin’ uri’s maydani’nda birge dushpanlar menen ali’si’wi’. Xan shegingende yeki birdey perzenttin’ taban tirep patshag’a qarsi’ gu’res ali’p bari’wi’, patsha so’zin so’ylegen wa’zirlerdin’ Xorezm xani’ Ha’senge bag’i’ni’wi’, xali’qti’n’ wo’z patshasi’n uslap beriwi.

Tuwi’sqanlar arasi’ndag’i’ (shug’i’l so’zge yeriwi) ala awi’zli’q, wo’z su’ygen jigitin basqa ashi’q bolg’an qi’zi’ menen ushi’rasti’ri’wi’ ha’m tag’i’ basqa da toli’p ati’rg’an epizodlar menen waqi’yalardi’n’ izbe-iz beriliwi da’stanni’n’ syujetinin’ de ku’shli boli’wi’na ayri’qsha ta’sir yetedi. Da’standag’i’ tiykarg’i’ ideya yel-xali’qti’, watandi’ qorg’aw, si’rtqi’ dushpanlardi’n’ basi’p ali’wi’na qarsi’ gu’res ha’m de g’a’rezsizlikti wornati’w ku’ta’ ashi’q ha’m ku’shli ji’rlang’an. Soni’n’ menen birge da’standa Xorezmliler menen basqa xali’q wa’killerinin’ doslasi’wi’, xali’qti’n’ basi’nan keshirgen tariyxi’y waqi’yalari’ da sa’wlelengen.

Da’stanni’n’ basli’ qaharmani’ Ziywar obrazi’ ha’r ta’repleme jetilisken ji’raw ta’repinen ju’da’ sheberlik penen jasalg’an qaharman obrazi’ si’pati’nda ko’zge tu’sedi. Woni’n’ ata-anasi’na, tuwg’an yeline, xalqi’na, su’ygen yari’na, doslari’na bolg’an sadi’qli’g’i’, wapadarli’g’i’ ju’da’ sheberlik penen ji’rlanadi’. Atasi’ albi’rap, jawdan sheginip ati’rg’anda atasi’na ku’sh-quwat bag’i’shlap, xalqi’na so’z berip, so’zinin’ u’stinen shi’g’i’p ma’rtlik yetken bir so’zli bati’r yer obrazi’ boli’p do’relgen. A’kesi Ha’sen ″a’dil xan″ si’pati’nda su’wretlenedi. Wol xalqi’ni’n’ ti’ni’shli’g’i’ ushi’n yeki birdey uli’n da uri’s maydani’na shi’g’i’wg’a ruxsat yetken haq ju’rek, a’dil xan obrazi’ si’pati’nda ju’da’ jaqsi’ si’patli’q belgilerge iye. Balasi’ Janay obrazi’ da da’stanni’n’ basi’nda jaqsi’ minez-quli’qqa iye boladi’ da, son’i’nan baxi’t-da’wlet, mal-mu’lkke qi’zi’g’i’p shug’i’l so’zlerge yerip ag’asi’ Ziywardi’n’ soqqi’si’n jeydi.

Toqtapolat obrazi’ wo’zinin’ yen’ jaman jawi’zli’q niyetlerin iske asi’raman, xali’qti’ basi’p alaman, wo’zime bag’i’ni’shli’ qi’laman, jerin-suwi’n, mal-mu’lkin tarti’p alaman dep wo’z basi’ni’n’ ha’zligin woylap, da’stan aqi’ri’nda ku’li ko’kke suwi’ri’li’p ba’rinen ayri’ladi’.

Da’standa wo’zinin’ unamli’ ta’repleri, dosqa sadi’qli’g’i’, joqari’ adamgershiligi menen Za’wriya obrazi’ ayri’qsha wori’ndi’ iyeleydi. Wol Ziywardi’ qansha su’yse de, wog’an qosi’la almaytug’i’nli’g’i’na ko’zi jetip, wo’z su’ygeni Aynajamalg’a qosi’li’p baxi’tli’ boli’wi’nda u’lken ja’rdem yetedi. Aynajamal obrazi’ da wo’z su’ygen yari’ Ziywarg’a wopadarli’g’i’ menen, muhabbat aldi’nda du’nya mal, da’wlet, taxtti’n’ hesh na’rsege arzi’maytug’i’nli’g’i’n da’standa da’liyllegen qaharman qi’z. Aqtamaq, woni’n’ jen’geleri Gu’limin, Zulfiya obrazlari’ da wo’zinin’ jaqsi’ is-ha’reketleri menen ko’zge tu’sedi. Bag’ iyesi Xanshayi’m, Sasuwar obrazlari’ da da’stanni’n’ ko’rkine-ko’rk qosi’p tur.

″Yer Ziywar″ da’stani’ni’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligi bolg’an syujeti ha’m kompozitsiyasi’ni’n’ quri’li’si’ ko’lemi jag’i’nan, waqi’yalardi’n’, epizodlardi’n’, ko’rkemlew qurallari’ bolg’an metafora, metonimiya, dialoglar, monologlar, qosi’q quri’li’si’, tariyxi’y so’zlerdin’ qollani’w wo’zgeshelikleri ha’m tag’i’ basqalar so’z yetiledi.

Uli’wma bul pitkeriw jumi’si’mi’z kirisiw ha’m juwmaqtan basqa yeki baptan turadi’.

Uli’wma alg’anda ″Yer Ziywar″ da’stani’ qaharmanli’q da’stan boli’p, wo’zinin’ ideyasi’, syujeti, kompozitsiyasi’, ko’rkemliligi ko’lemi jag’i’nan bir qansha ayi’rmashi’li’qlarg’a iye da’stan. Bul da’stan yele de izertlewdi talap yetedi. Sebebi, qaraqalpaq xali’q do’retpeleri arasi’ndag’i’ ayri’qsha belgilerge iye yesteliklerdin’ biri boli’w menen birge, bizin’ alti’n g’a’ziynemizden wori’n alg’an ulli’ miyrasi’mi’z si’pati’nda u’yreniwimiz kerek ha’m de pu’tkil du’nya ju’zlik ma’deniy miyras si’pati’nda xali’qqa tani’ti’w ha’m wo’z aldi’na izertlew jumi’si’n ju’rgiziw aldag’i’ wazi’ypalardi’n’ biri boli’wi’ kerek dep woylaymi’z. Da’stanni’n’

ko’rkemlik wo’zgesheliginde Qurbanbay ji’rawdi’n’ wo’zine ta’n bolg’an do’retiw uqi’bi’ni’n’ ayri’qshali’qlari’ ko’rinip tur.

# Paydalani'lg'an a'debiyatlar


1.Айымбетов Қ. ″Халық даналығы″. Нөкис, 1968.

2.Ахметов С., Исмайлов Б. ″Қарақалпақ әдебияты″. 1976.

3. «Ер Зийўар» дәстаны Н.1981.

4.″Ер Зийўар″. Қурбанбай жыраў варианты. Нөкис, 1958.

5. Мақсетов Қ., Тәжимуратов А. ″Қарақалпақ фольклоры″. Нөкис, 1979.

6. Мақсетов Қ. ″Қарақалпақ халқының көркем аўыз еки дөретпелери″. Нөкис, 1996.

7.Мақсетов Қ. ″Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар″. Нөкис, 1992.

8. Мақсетов Қ. ″Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы″. Ташкент, 1965.

9. Мақсетов Қ. ″Фольклор ҳәм әдебият″. Нөкис, 1975.

10. Мақсетов Қ. ″Қарақалпақ фольклористикасы″. Нөкис, 1986.

11. Камалов Қ. ″Фольклор ҳәм жазба әдебият″. Нөкис, 1978.

12. Сағитов И. ″Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы″. Нөкис, 1986.

13. ″Қарақалпақ фольклоры″. ″Ер Зийўар″, IX том. Нөкис, 1981.